ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№64 (24.814) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 29, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэ: зрагъэхъулIахэр, мурадхэр

Урысейм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил кърихьэлIащ Кавказым и инвестицэ зэхуэсышхуэу мы махуэхэм Минеральные Воды къалэм щызэхашам икIи Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным пыщIа IуэхухэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

АР къыщызэIуихым **Мишустин Михаил** фIыщIэ яхуищIащ форумыр къызэзыгъэпэщахэм. «Мы зэхуэсыр хъуащ инвесторхэр, хьэрычэтыщIэхэр, къэрал властым и лIыкIуэхэр щызэIущIэ, я зэпыщIэныгъэхэр щагъэбыдэ щIыпIэ», - жиIащ абы.

МахуитIым къриубыдэу форумым хэтащ цIыху мини 3,5-рэ, компание 650-м я лIыкIуэу мин 1,2-рэ, зэгурыIуэныгъэу 62-рэ щызэращIылIащ.

Мишустиным КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм инвестицэ и лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ зэфIэкIхэр узыщыгуфIыкI хъуну зэрыщытыр къыхигъэщащ. Абы жиIащ а ехъулIэныгъэхэр нэхъри зэрыгъэбэгъуапхъэр - туризмэм и инфраструктурэр щыIэ мардэ лъагэхэм хуэкIуэу зэгъэпэщын, хамэ къэралхэм кърашхэр зэхъуэкIыным хуэщIа иджырей технологиехэр къагъэсэбэпурэ, мэкъумэш, промышленнэ IэнатIэхэм зегъэужьын зэрыхуейр.

Правительствэм и УнафэщIым жиIащ, Президентым пщэрылъ къащищIауэ, Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупIэ-зыгъэхъужыпIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэм ящыщу абы къыхигъэщащ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, транспортым ехьэлIа Iуэхухэр гъэлъэщыныр, курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм нэхъри зегъэужьыныр, экономикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм щылэжьэфыну IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр.

Мишустиным къыхигъэщащ а зэхъуэкIыныгъэ псори цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэрыхуэгъэпсар икIи социальнэ IэнатIэм икъукIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщызэфIагъэкIар. Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ Кавказ Ищхъэрэм, къэралым и адрей щIыналъэхэми хуэдэу, иужьрей илъэс зыбжанэм къриубыдэу щаухуащ е къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ узыншагъэр хъумэным пыщIауэ, сабий садрэ еджапIэу, спорт IуэхущIапIэу щэхэр.

Зэхуэсышхуэм и гъэлъэгъуэныгъэхэми зыщиплъыхьащ Мишустин Михаил. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы щиIэ плIанэпэм дежи къыщыувыIэри, щыгъуазэ зищIащ республикэм абы и утыку ирихьахэм. Псом япэу гулъытэ зыхуищIар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьыным хуэгъэза, 2030 гъэ пщIондэ тещIыхьа къэрал программэшхуэхэу ягъэзащIэхэрщ: ахэр хадэхэкIхэр щагъэкIыу Шэджэм щыIэ хуабэщхэрщ, бгым лыжэкIэ къежэхын зыфIэфIхэм яхуэщIа «Iуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэрщ, Бахъсэн Ипщэ ГЭС-рщ, бгым щIэлъ гъэбэтапхъэхэр къыщIэхыным елэжь Тырныауз комбинатырщ, Налшык щаухуэ IT-паркырщ, «КъуэкIыпIэ», «Мей» хьэблэхэрщ. Ахэр мы зэманым зэлэжь ухуэныгъэхэщ.

Утыку кърахьащ инвестицэ проект нэхъ инхэри - ягъэлъэгъуащ мэкъумэш-техникэ паркым, джэдыл къыщалэжьыну IуэхущIапIэм, «Налшык» курортым и паркым зегъэужьыным теухуахэм я макетхэр.

Апхуэдэу, Бахъсэн щIыналъэм къыщызэIуахыну «Междуречье» мэкъумэш-техникэ паркым гектар 200 иубыдынущ, абы щыIэнущ къэкIыгъэхэм ткIуэпс зырызурэ псы щIэгъэлъэдэным, мэкъумэшхэкIхэм зэрелэжьыну мэкъумэш машинэхэр, Iэмэпсымэхэр зэпкърылъхьэным хуэщIа щIыпIэ 40.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм щащIыну джэдкъаз гъэхъупIэм зы илъэсым джэдыкIэ мелуан 36-рэ зралъхьэ хъуну инкубатор хэтынущ, джэдылу тонн мин 30 къыщыщIагъэкIыфынущ.

Къэрал мыхьэнэ зиIэ «Налшык» курортыр адэкIи зэрырагъэфIэкIуэным яужь итщ, гъуэгухэр зэрагъэпэщыж, шхапIэкIи, зыгъэпсэхупIэкIи нэхъри зэIузэпэщ ящIынущ, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIэкIуэнущ, цIыху минипщIым зэуэ зыщагъэпсэхуфын хуэдэуи зрагъэубгъунущ. А псор хуэунэтIащ экономикэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ шэщIауэ зеужь - къыщыщIагъэкI продукцэм хуэдитIкIэ хэхъуащ илъэситхум къриубыдэу икIи ар сом мелард 325-рэ и уасэ хъуащ. 2030 гъэм ирихьэлIэу ар хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэ ящIын мурад щыIэщ.

КIуэкIуэ Казбек Мишустин Михаил фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэшхуэ къызэрыхуищIым, экономикэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ ди деж къыщыхалъхьэ жэрдэмхэр къазэрыдиIыгъым папщIэ.

Зэхуэсышхуэм къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэхэм щыIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Новак Александррэ** Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ **Чайкэ Юрийрэ**.

Форумым щагъэуват щIыналъипщIым инвестицэ зыхэплъхьэ хъуну яIэхэмрэ я экономикэм зезыгъэужь IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я зэфIэкIхэмрэ щагъэлъагъуэ щIыпIэхэр, апхуэдэу КИФ-2025-м и лэжьэгъу-компание нэхъ инхэм я экспозицэ 40-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и стендым щигъэлъэгъуа проектхэм 2030 гъэ пщIондэ псори зэхэту сом мелларди 171-рэ хухахынущ, абы щыщу меларди 152-р бюджетым щымыщ инвестицэу. Я мурадщ лэжьапIэ IэнатIэу 4470-рэ къызэIуахыну. Проектхэр гъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ псори зэхэту ахъшэу халъхьащ сом мелард 46-м щIигъу, абы щыщу сом мелард 30-р бюджетым щымыщ инвестицэщ, лэжьапIэ IэнатIэу 800 къызэIуахащ. Абыхэм щыгъуазэ защIащ къэрал унафэщIхэм.

КIуэкIуэ Казбек Новак Александррэ Чайкэ Юрийрэ фIыщIэ яхуищIащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэр къызэрыдаIыгъым папщIэ.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек хуэзащ Урысейм и хъыбарегъащIэ телеграф агентствэм - ИТАР-ТАСС-м и генеральнэ директор **Кондрашов Андрей** икIи а IэнатIэм щызэдэлэжьэным теухуа меморандумым Iэ традзащ.

А дэфтэрым щыубзыхуащ республикэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм, экономикэм, туризм IэнатIэм щиIэ зэфIэкIхэр, и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр сыт и лъэныкъуэкIи къэгъэлъэгъуэныр. А зэдэлэжьэныгъэр сэбэп хуэхъунущ республикэм и инвестицэ Iэмалхэр нэхъ нэсу хэIущIыIу щIыным.

КIуэкIуэ Казбек Кондрашов Андрей фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ къызэрыхуищIым папщIэ икIи къыхигъэщащ къэралым и хъыбарегъащIэ IэнатIэ нэхъ пажэхэм ящыщым дэлэжьэныр республикэм къызэрыхуэщхьэпэнур.

ЩIыналъэхэм я сэбэп зыхэлъ зэIущIэ куэд ирагъэкIуэкIащ а махуэхэм. Абыхэм ящыщт КIуэкIуэ Казбекрэ «Газпром межрегионгаз» компанием и генеральнэ директор **Густов Сергей** я зэпсэлъэныгъэри.

Абыхэм я гугъу ящIащ зэгъусэу адэкIи зэрызэдэлэжьэнум пыщIа Iуэхухэм, къапщтэмэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир унагъуэ псоми газыр яIэрыхьэным теухуауэ къигъэува къалэнхэр гъэзэщIэнми. Абы и лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр щыIэщ - унагъуэ мини 4-м газхэр ирашэлIэным теухуауэ зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэхэм ящыщ мини 3,7-рэ зэфIагъэкIакIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэхэм я деж 7-нэ увыпIэр щиIыгъщ. КIуэкIуэ Казбек жиIащ унагъуэхэм газыр яхуешэлIэныр республикэм щыпсэухэм я дежкIэ дэIэпыкъуныгъэшхуэу зэрыщытыр.

Зэрыщыту къапщтэмэ, илъэситхум зэфIагъэкIыну яубзыхуахэм япкъ иткIэ газ кIуапIэу блы яухуэну я мурадщ, ирагъэфIэкIуэнущ газыр зыIэрыхьэхэм щыхуаутIыпщ «Прималкэ», «Аргудан», «Старэ Урыху» станцхэр, зэрагъэпэщыжынущ «Новоивановкэ», «Малкэ», «Пролетарскэ», «Нарткъалэ», «Нартан» жыхуиIэхэр, апхуэдэу «Прохладнэ» ГРС-2-м и къыхэкIыпIэ бжьамийхэр.

И гугъу ящIащ IуэхущIапIэхэр, унагъуэхэр хуабэкIэ къызэгъэпэщын IэнатIэр егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэрал дэIэпыкъуныгъэ зратынухэм хагъэхьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

ЩIыналъэхэр зэдэлэжьэным хуэгъэза зэгурыIуэныгъэхэри щызэращIылIащ зэхуэсышхуэм.

КIуэкIуэ Казбекрэ Ингушым и Iэтащхьэ **Калиматов Мэхьмуд-Алийрэ** Iэ традзащ сатуэкономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм щызэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Республикэхэм ис лъэпкъхэм яку лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ зэгъунэгъуфI зэхущытыкIэхэр дэлъщ. Зэныбжьэгъунымрэ зэдэлэжьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэ республикэхэм 1994 гъэми зэращIылIауэ щытащ, нэхъ иужькIи апхуэдэ лъэбакъуэхэр ячащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ щIыналъэхэм я туризм, щэнхабзэ IэнатIэхэр нэхъри ефIэкIуащ.

Мы зэгурыIуэныгъэм еубзыху промышленностым, мэкъумэш, хьэрычэт IэнатIэхэм нэхъ быдэу щызэпыщIауэ щытыныр.

Форумым лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Дагъыстэным и Iэтащхьэ **Меликов Сергейри**.

Абыхэми илъэситху пIалъэм тещIыхьа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Ари хуэунэтIащ щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми щызэдэлэжьэным - унэтIыныгъэ 11-м щагъэзэщIэну Iуэху 35-рэ къызэщIаубыдэ.

«Дагъыстэным промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм и къудамэ куэдым зыщауужьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрри Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм и лъабжьэр зыгъэбыдэхэм ящыщщ. Ди зэхуэдэ фейдэ зыхэлъ Iуэху куэд къетхьэжьэфынущ. Шэч къытесхьэркъым ди республикэхэм я зэпыщIэныгъэхэр абы нэхъри зэригъэбыдэнум» - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек зэгурыIуэныгъэм Iэ традза нэужь.

Зэхуэсышхуэм хыхьэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэ псоми нэхъыщхьэу къыщыхагъэщхьэхукIахэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм экономикэ лъэщ, турист, мэкъумэш, промышленнэ, транспорт IэнатIэхэр иIэн, цIыхухэр сыт и лъэныкъуэкIи зэIузэпэщу псэун папщIэ зыхуеину псомкIи къызэрызэгъэпэщар.

Гъунапкъэм и плъырхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гъунапкъэхъумэхэм я махуэмкIэ ехъуэхъуащ:

- ПщIэ зыхуэсщI Урысейм и ФСБ-м Гъунапкъэр хъумэнымкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и ветеранхэ, и лэжьакIуэхэ!

Гъунапкъэхъумэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Нобэ догъэлъапIэ къэрал гъунап-къэр хъумэным я гуащIэр лъэгущIыхь хуэзыщIахэр, къэрал цIыхубэм я гъащIэмрэ шынагъуэншагъэмрэ, Хэкумрэ абы и щхьэхуитыныгъэмрэ къэрэгъулу щхьэщытхэр.

Гъунапкъэхъумэхэр сыт щыгъуи къэмыланджэу бгъэдэтащ Хэкур хъумэн къалэным. Хэку зауэшхуэм и зэманым абыхэм лIыхъужьыгъэм и щапхъэ къызэрымыкIуэхэр къагъэлъэгъуащ. Бийм и япэ удыныр зытрагъэхуэу, абыхэм къимыкIуэту къэралым и щIыр яхъумащ, апхуэдэ щIыкIэу ТекIуэныгъэ Иныр нэхъ гъунэгъу къащIу.

Ипэ итахэм я щапхъэм тету, нобэ Управленэм и лэжьакIуэхэм еш ямыIэу къэралым и гъунапкъэхэр яхъумэ, я пащхьэм къиувэ къалэн псори ягъэзащIэ.

ФIыщIэшхуэ фхузощI лэжьыгъэм напэ къабзэкIэ фызэрыбгъэдэтым щхьэкIэ. ЩIытхъу яхуэфащэщ лэжьыгъэм щызэрагъэгъуэта ехъулIэныгъэхэр къыдэкIуэтей щIэблэм езыт ветеранхэм.

Узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ фиIэу, Хэкум хуэвлэжь IуэхуфIхэм нэхъри фи пщIэр иIэтыну сынывохъуэхъу.

Бжыгъэр и лъабжьэу псэукIэр зэIузэпэщ ящI

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр щригъэкIуэкIым, «Комитетым хухах сыхьэтым» хыхьэу, щытепсэлъыхьащ «Ростелеком» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьыгъэм.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, **Егоровэ Татьянэ** жиIащ мы зэманым къэралым бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэм жыджэру зэрызыщауужьыр.

- Гугъуехьхэр щыщыIэ мы зэманым урысей экономикэм бжыгъэ технологиехэр къыщыгъэсэбэпыныр УФ-м и Президент Путин Владимир къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ. 2025 гъэм ягъэзэщIэн щIадзащ «Къэралым и бжыгъэ зыужьыныгъэм ехьэлIауэ» лъэпкъ Iуэхум. «Бжыгъэр и лъабжьэу цIыхухэм я псэукIэр зэIузэпэщ зэращI Iэмалхэр», «Бжыгъэр и лъабжьэу къэралым и ухуэкIэр гъэбелджылын», «Хэкум и хэкIыпIэхэр» щIыналъэ Iуэхухэм я фIыгъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зеужь, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым къыхигъэщащ зи гугъу ящI Iуэхум и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI иIэу, нэгъуэщI телекоммуникацэ IэнатIэхэм ехьэехуэу «Ростелеком» ПАО-р зэрылажьэр.

- «Ростелеком»-ым щIыналъэм зыщригъэужьащ «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» порталым, Къалэн куэд щагъэзащIэ центрхэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, «Шынагъуэншэ республикэ» IэнатIэхэм я хъыбарегъащIэ Iэмалхэм. Ауэ иджыри гугъуехьхэр щыIэщ. Абыхэм нобэ дытепсэлъыхьынырщ, хэкIыпIэхэр зэгъусэу къэтлъыхъуэнырщ ди зэIущIэр зытеухуар, - дыщIигъуащ Егоровэм.

«Ростелеком» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **ХъутIэ Залым** къыщыпсалъэм жиIащ электрон IэмалкIэ цIыхухэм, хьэрычэтыщIэхэм, къэралым Iуэхутхьэбзэхэр яхузэфIэгъэкIыным ехьэлIауэ IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэхэм икIи нэхъ пашэхэм мы IэнатIэр зэращыщыр. Иджыпсту абы и абонентхэм я процент 83-р цIыхухэращ, Интернетым и Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэп мин 96-м щIигъум.

2024 гъэм унэ мин 11-м нэс къызэщIиубыдэу, республикэм и къуажэ, къалэ 23-рэ сетхэм зыщрагъэубгъуащ. Связым и иджырей Iэмалхэр зылъэмыIэсауэ нобэр къыздэсым къэнауэ щыта мащIэм яхэту, Прохладнэ районым и Солдатскэ станицэр сеткIэ къызэрагъэпэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэум и процент 74-м Iэмал яIэщ оптикэ технологиехэмкIэ Интернетым зыпащIэну.

«Бжыгъэ зэхуэмыдэныгъэ щымыгъэIэн» федеральнэ Iуэхум ипкъ иткIэ, 2022 гъэм къыщыщIэдзауэ 2024 гъэ пщIондэ Придорожнэ, Лэскэн Ипщэ, Дженал къуажэхэм, Матвеевскэ, Нововознесенскэ къутырхэм, Щэрдан гъущI гъуэгу зэхэкIыпIэм станцхэр щагъэуващ.

2025 гъэм Эльбрус, Тегенекли, Байдаевэ къуажэхэм хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ щелэжьхэр псынщIэу лажьэ интернеткIэ къызэрагъэпэщащ. Илъэсым и кIэ пщIондэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Тырныауз къалэмрэ Терскол жылагъуэмрэ.

«Ростелеком»-р къэрал IуэхущIапIэхэми ядолажьэ. Псалъэм папщIэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зыуэ щыт и хъыбарегъащIэ Iэмалым зрегъэужь. Абы щIыналъэм ит медицинэ IуэхущIапIэ псори зэуIу ещI, мазэм и кIуэцIкIэ дохутырым и деж зэрызыщрагъэтх тхылъымпIэу мини 150-м щIигъум щолэжь.

IуэхущIапIэр дэIэпыкъуэгъущ «07.Образование» лэжьыгъэр зэтеублэнымкIи. Сабий гъэсапIэхэм, школхэмрэ курыт щIэныгъэ щрат еджапIэхэмрэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр электроннэ IэмалкIэ гъэлъэгъуэным ар епхащ. Абы школ 267-рэ, сабий гъэсапIэу 203-рэ, колледжи 9-рэ хэтщ.

«Ростелеком»-м видеокIэлъыплъыныгъэхэр къызэрегъэпэщ еджакIуэхэм экзамен щрагъэткIэ. 2025 гъэм апхуэдэ IэмалкIэ къызэрагъэпэщащ школ пэш 371-р, экзаменхэр щекIуэкI пэш 20-мрэ Хъыбархэм щелэжь центрымрэ (камерэ 742-м ягъэуващ). КъищынэмыщIауэ, 2024 гъэм Iэ щаIэт зы махуэм камерэ 424-рэ щагъэуващ республикэм и хэхыпIэ 212-м.

КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр **Бозий Аскер** жаIэм дыщIигъуащ республикэм щыпсэухэр зыщIэлъэIухэм елъытауэ «Ростелеком»-м зэрыдэлажьэр.

Егоровэ Татьянэ жиIащ технологиехэм зэрызаужьым щIэпхъаджагъэрэ гъэпцIагъэу къадэкIуэри нэхъыбэ зэрыхъур, абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м и Президентым пщэрылъ зэрищIар цIыхухэм я шынагъуэншагъэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм ахэр хэгъэгъуэзэныр.

Зы лъэныкъуэкIэ абы елэжьынущ егъэджэныгъэ программэхэр къэгъэсэбэпауэ, нэгъуэщIкIэ - зи ныбжь хэкIуэтахэр апхуэдэ Iуэхухэм щыхъумэным.

Хутэ Залым жиIащ щIалэгъуалэм папщIэ «Дыгъэпс къалэ» академием кибершынагъуэншагъэмкIэ дерсхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр, абы ехьэлIауэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри дяпэкIэ къызэрызэрагъэпэщынур.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ республикэр адрей щIыналъэхэм япызыщIэ автомобиль гъуэгухэм, псом хуэмыдэу Ставрополь крайм, мобильнэ связымрэ Интернетымрэ тэмэму къызэрыщимыубыдым. Бозий Аскер жиIащ ари мы зэманым щыIэ гугъуехьхэм зэращыщыр икIи федеральнэ Iуэхум и фIыгъэкIэ, республикэм иужь зэрыщихьар апхуэдэ и щIыпIэхэр гъэбелджылыным. Япэ ухуэныгъэхэр щагъэувынущ Дзэлыкъуэ районым, абы къыкIэлъыкIуэу Лэскэн, Шэджэм щIыналъэхэм. СвязкIэ республикэм и федеральнэ гъуэгухэр зэрыщыту къыщызэрагъэпэщыфынур 2030 гъэм и кIэхэрщ. А лэжьыгъэм дэкIуэу, щогугъ а гугъуехьыр щIыналъэм и гъуэгухэми щызэфIагъэкIыну.

IT технологиехэм епха IэщIагъэлIхэр зэрахуримыкъум, ЕГЭ-м зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэм, «Ростелеком» IуэхущIапIэм къэралым зыкъызэрыщIигъакъуэм, нэгъуэщIхэми зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI **Къалмыкъ Марат** къыхилъхьащ щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэу къэкIуэн папщIэ, веб-камерэхэр къэгъэсэбэпауэ ди щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэр онлайну гъэлъэгъуэныр ублэжын хуейуэ, «Ростелеком»-р ядэIэпыкъуу, нэхъапэIуэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэ зэтраублауэ зэрыщытам ехъулIэныгъэ зэриIар.

* * *

Депутатхэр хэплъащ «КъБР-м и гъунапкъэхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэта нэужь, муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэраубзыху щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым къару имыIэжу къэлъытэнымрэ республикэм и закон щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «Балигъ ныбжьым нэмысахэм я IуэхухэмкIэ комиссэхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысахэм я Iуэхухэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ комиссэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ пщэрылъ щхьэхуэхэр щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэм хуэщIынымрэ ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 16-м, «Щэнхабзэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 36-м, «КъБР-м и Парламентым и Регламентым» зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа законопроектхэм.

Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ УФ-м нэгъуэщI и щIыналъэхэм къыхалъхьэ федеральнэ законхэмрэ жэрдэмхэмрэ, республикэм и лэжьакIуэ пажэхэр КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ гъэлъэпIэным теухуа унафэм.

Гуапэу къытхэта ди лэжьэгъу

Фэеплъ

Нэхъыжьыфl зимыlэм къэкlуэныфlи иlэкъым, жаlэ. «Адыгэ псалъэ» газетри щlэблэм гъуазэ яхуэхъу нэхъыжь lущхэр иlэурэ къокlуэкl. Журналист ныбжьыщlэхэр зыущийхэм, абыхэм чэнджэщэгъу яхуэхъухэм ящыщт Къамбий Зуфар. Ар 1935 гъэм Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ.

ЗУФАР и адэ Къамбий Ахьмэд и унагъуэр Къармэхьэблэ пщlэ нэхъ щызиlэхэм ящыщт. Жылэр зыгъэпсэу мэкъумэш щlэнми щыпэрытти, щlэныгъэми пщlэ щыхуащlырт. Апхуэдэ унагъуэм къыщыхъу щlалэ цlыкlур еджэнкlи хьэлщэнкlи школым щапхъэу щагъэлъагъуэрт. Курыт школыр къиуха нэужь, Зуфар хуабжьу дэзыхьэх тхыдэм хуеджэну мурад ещlри, Къэбэрдей къэрал институтым щlотlысхьэ. Нэхъыфlу еджахэм ящыщу ар къеухри, илъэситlкlэ егъэджакlуэу мэлажьэ. А лъэхъэнэм Къамбийр журналистикэм дехьэх, республикэм къыщыдэкl газетхэм тхэуэ щlедзэ. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зиlэ лэжьакlуэхэр зи мащlэ «Ленин гъуэгу» газетым и унафэщlхэм гу лъатэ lуэху куэдым адыгэбзэкlэ lэкlуэлъакlуэу тетхыхь щlалэм. Икlи езыри тхэным зэрыдихьэхыр яхуиlуэта иужь, 1958 гъэм ар япэщlыкlэ корректору редакцэм ящтэ, итlанэ щэнхабзэмкlэ къудамэм и литературэ лэжьакlуэ ящl.

Щlалэ жаным, хэлъэт зиlэм и лэжьэкlэр, и зэфlэкlыр унафэщlхэм гунэс ящохъу. Газетым еджэхэм, редакцэм къатхэхэм Къамбийр япыщlауэ, фlыуэ ядэлажьэу зэрыщытым гу лъатэри, ар письмохэмкlэ къудамэм и унафэщlу ягъэув. Мыбдежми Зуфар и lуэху къызэгъэпэщыкlэр редколлегием хэтхэм къабыл ящохъу. Ар ядэлажьэрт къуажэ корреспондентхэм, абы и фlыгъэкlи щlэджыкlакlуэхэр щыгъуазэ хъурт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыпlэ зэмылlэужьыгъуэхэм щыхъыбархэм. Куэд дэмыкlыу Зуфар и пщэ иралъхьэ «редакцэм и штаб» жыхуаlэ секретариатым щылэжьэну - жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ къалэныр къыхуагъэфащэ. Апхуэдэурэ Къамбийр журналистикэм нэхъ кууу хохьэ. А лъэхъэнэм районхэм къыщыдэкl газетхэр сыт и лъэныкъуэкlи егъэфlэкlуэн хуейуэ партым къегъэув. А лэжьыгъэр тэмэму къызэзыгъэпэщыфынухэр, щlэныгъэфl зиlэхэр къыщыхахым, Къамбий Зуфар а къалэным хъарзынэу пэлъэщыну къалъытэри, КПСС-м и обкомым 1976 гъэм ар егъэув Бахъсэн районым къыщыдэкl «Коммунист» газетым и редактору.

Къыжыlэн хуейщ Зуфар дзыхь хуэзыщlахэр мыбдежми зэримыгъэщlэхъуар. Абы «Коммунист» газетыр и теплъэкlи, и купщlэкlи, и бзэкlи иригъэфlэкlуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Коммунист»-р район газетхэм я союзпсо еплъыныгъэу Москва щекlуэкlам хэтащ икlи абы етlуанэ увыпlэр къыщихьри, дыжьын медали къыхуагъэфэщауэ щытащ.

1987 гъэм Зуфар «Ленин гъуэгу» газетым къегъэзэж, лэжьыгъэм нэхъри хуэlэзэ хъуауэ. Журналист набдзэгубдзаплъэр гъащlэм и лъэныкъуэ куэдым тетхыхьырт, зыгъэпlейтей lуэхухэр газетеджэхэм ярихьэлlэрэ езыхэри абы къыпэджэжу. Апхуэдэу илъэс куэдкlэ лэжьащ Къамбийр. Зуфар икlи тхакlуэт. Пенсэ кlуэуэ тlысыжа иужь, тхэн lуэхум зретыж. Абы и нэ къыхуикlырт къэбэрдей пщы цlэрыlуэ Хьэтlохъущокъуэ Исмел и гъащlэм теухуауэ зэлэжь тхылъыр иухыу къыдигъэкlыну, 2002 гъэм абы щыщ пычыгъуэ «lуащхьэмахуэ» журналым тетащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а тхыгъэр нэмытхысауэ къэнащ.

Адыгэ тхакlуэм и повестхэмрэ рассказхэмрэ зэрыт тхылъхэу «Дзадзурэ», «Шагъыр», «Щолэхъу» жыхуиlэхэр къыдэкlащ, «Дзадзурэ» повестыр урысыбзэкlэ зэдзэкlауэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым тетащ. Зуфар очерк куэд дыдэ итхащ и лъэхъэнэгъухэм, гъащlэм, лэжьыгъэм къыхэжаныкlхэм, щlэ хэзылъхьэхэм, щlэныгъэлlхэм, зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, нэгъуэщlхэми ятеухуауэ. Ахэр щызэхуэхьэса тхылъи къыдигъэкlыну игъэхьэзырат. Къамбийр цlыху зэщlэкъуат - и лэжьыгъэм зыщыщlригъэхи, зэманыр пщlэншэу щигъэкlуэди къэхъуртэкъым - щыапхуэдэт унэми лэжьапlэми. Цlыхум пщlэ хуищlыфырт, езыми зыхуригъэщlыфырт.

Зуфар зыцlыхуу щытахэм ноби я нэгу зэрыщlэтыр апхуэдэущ. Илъэс куэдкlэ гуапэу къытхэта ди лэжьэгъум щlэблэ хъарзыни къыщlэхъуащ. И быниплlыми щlэныгъэ, lэщlагъэ яlэщ, гъащlэм хэзэгъахэу хъарзынэу мэпсэу.

ИНАЛЫКЪУЭ Матl.

Лlыфl и щытхъу кlуэдыркъым

Жылагъуэ лэжьакlуэ цlэрыlуэ, хьэрычэтыщlэ lэзэу щыта, цlыху щыпкъэу дунейм тета Джэрыджэ Хьэсэн Хьэнахъуэ и къуэр псэужамэ накъыгъэм и 28-м илъэс 75-рэ ирикъунут.

ДЖЭРЫДЖЭР lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм пэрытащ. Абыхэм ящыщщ Налшык ерыскъы комбинатым, республикэм и экономикэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэу къэгъуэгурыкlуам, и инженер нэхъыщхьэу зэрыщытар, мэкъумэш техникэм пыщlа lэнатlэхэм ящыщ зым къулыкъушхуэ зэрыщызэрихьар, нэгъуэщlхэри.

Къэтхьынщ Джэрыджэм и гъащlэр къызэрекlуэкlам теухуауэ езым къыджиlэжауэ щытахэм ящыщ.

Хьэсэн Жэмтхьэлэ къуажэм къыщыхъуащ, и сабиигъуэр абы щрихьэкlащ, школыр къыщиухащ. Щапlэр къуажэм дэс унагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщт, зэкъуэшитхурэ зэшыпхъуитхурэ хъурт. Я адэр, Хьэнахъуэ, лэжьакlуэжь жыхуаlэм хуэдэу колхозым хэту, Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, 115-нэ шу дивизэм хагъэхьат. Текlуэныгъэ нэужьым къигъэзэжри, колхозым куэдрэ хэлэжьыхьащ. Жыг хадэшхуэ игъэкlыу щытащ. Жэмтхьэлэ и мызакъуэу, Къэбэрдей псом жыг хадэ нэхъ ин дыдэ щызиlахэм ящыщщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ езы Джэрыджэм къыджиIэжауэ щытам щыщ пычыгъуэхэм.

«Япэ Дунейпсо зауэм хэтащ ди хьэблэм къыдэкlа щlалэ, Щоджэн Бэчмырзэ. Зэрыдохутырышхуэм и мызакъуэу, абы куэдым хищlыкlырт. Пащтыхьыдзэм хэту ар Австро-Венгрием щыщыlам, гу лъитащ игъащlэм имылъэгъуа жыг лъэпкъыгъуэхэр а щlыпlэм къызэрыщыкlым. Къыщигъэзэжым, абыхэм я жыли къыздихьат. Бэчмырзэ и фlыгъэщ къуажэм дэсахэм я нэхъыбэм жыг лlэужьыгъуэщlэхэр къэгъэкlыным зратауэ зэрыщытар. Арщхьэкlэ, къэралым къыщрахьэжьа lуэху бгъэдыхьэкlэщlэм, «продразвёрсткэ» жыхуаlэм, ипкъ иткlэ жыг къэс налог тралъхьэу къыщаублэм, я нэхъыбэм, мащlэ дыдэм фlэкlа къэмынэу, я жыг хадэхэр ираупщlыкlыжат. А закъуэтlакъуэм ди адэр ящыщти, абы и фlыгъэкlэ дэ жыг хадэшхуэ диlэу дыкъэхъуащ. Гъатхэр къихьамэ, цlыхухэр адэкlэ-мыдэкlэ, уеблэмэ Джылъахъстэнейм нэс къикlыурэ ди деж накlуэрт, мылэрысей щхьэкlэ», - игу къигъэкlыжырт Хьэсэн.

Къуажэм а лъэхъэнэм дэта курыт еджапlэ закъуэм щыщlэса илъэсхэм щыщу игу нэхъ къинэжахэм къытхутепсэлъыхьыну дыщелъэlум, Хьэсэн къыджиlэжат.

«Еянэ классыр къыщызухам, гъэ къэси хуэдэу, колхоз губгъуэм диту, еджакlуэ бригадэм я lэтащхьэу сыхахри, мэкъу пыдупщlу, ар зэщlэткъуэжу дыкъекlуэкlащ. 9-нэ, 10-нэ классхэм сыщыщlэсми апхуэдэу дылэжьащ. Ахъшэ хъарзыни къыдатырт. Сощlэж, «нэхъыфlу лажьэхэр Тбилиси федгъэшэнущ» жаlэри, губгъуэм ита цlыхуищэм щыщу цlыху 18-р дыкъыхахауэ зэрыщытар. А къалэм нэгузегъэужьакlуэ дашат, колхозым къытхухиха ГАЗ-51 машинэм и кузовым хьэуазэ иракъухьарэ абы дэ дыхэсу. Колхозым къыщызлэжьамкlэ кlэстум зэфlэт, бэлъто, вакъэ къыщысщэхури дыкъэкlуэжауэ щытащ».

Курыт школыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэрыщlэтlысхьар къыщыдигъащlэм, адэкlэ и lуэху къызэрекlуэкlам дыщlэупщlат.

«Мэкъумэш хозяйствэмкlэ механизацэ факультетырт къыхэсхари, зэпеуэшхуэ щыlэу сыщlэтlысхьат. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ къызэрыщыдатам нэмыщl, тракторист, комбайнёр lэщlагъэхэми дыщыхуагъэсат. Абы щыгъуи сылажьэрт. Етlуанэ курсым сыщlэсу къаублат щlалэгъуалэм ящыщу хуейхэр щlыщlэм (целинам) гъэмахуэм ягъакlуэу. Арати, Жэмтхьэлэ Ипщэм и «Сукан-су» колхозым и цlэкlэ абы саутlыпщат, ди адэм и лъэlукlэ апхуэдэу схузэрагъэпэщауэ».

Хьэсэн къыджиlэжахэм тетщlыхьмэ, еджапlэ нэхъыщхьэм зэдыщlэсахэр дзэ къулыкъум пыщlа lэщlагъэми щыхурагъэсат.

«Университетыр къэзуха нэужь, дзэм къулыкъу щысщlэну КъуэкlыпlэЖыжьэм сагъакlуэри, Уссурийск къалэм къедза частхэм ящыщ зым офицеру илъэситlкlэ сыщыlащ. Япэщlыкlэ штабым и унафэщlым сридэlэпыкъуэгъуу, кlэлъыкlуэу ротэм срилэтащхьэу, иужьрей илъэс ныкъуэм полкым ерыскъы lуэхухэмкlэ и lэнатlэм сриунафэщlу. Сыкъэкlуэжа иужькlи, дзэ lуэхухэм щыхурагъаджэщыхуагъасэ «дерсхэми» срагъэджэрт. Абыхэм язым къыщызатат батальоным и lэтащхьэ къулыкъур зесхьэну хуит сызыщl капитан званиер. Седжэху, спорт lуэхухэми сыхэтащ, алыдж-урым бэнэкlэмкlэ мастерым и кандидат цlэри къысфlащащ».

Хьэсэн армэм къикlыжа нэужь, а зэманым мэкъумэш техникэм пыщlа и lэнатlэ нэхъ ин дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыlам инженеру къащтащ, хьэрычэт lуэхуми зритащ. И ныбжьэгъумрэ езымрэ зыгуэрхэр къызэдагупсысырт. Лашынкъей дэс я цlыхугъэм и щlым бжьын щыхасащ, Нартан къуажэм дэс нэгъуэщl я ныбжьэгъум деж щагъэува теплицэм тюльпан къыщагъэкlыу къаублащ...

Ирихьэкlа лэжьыгъэхэм ящыщу, мыбы си гупсысэр нэхъ тезухуарэт, си гуащlэ хэслъхьарэт хужиlэну, дэтхэнэр и гум нэхъ къина, жытlэу дыщеупщlым, Хьэсэн къыддэгуэшат:

«Сыт хуэдэ lэнатlэ сыпэрытами, си гур хэзыгъахъуэу, си гукъыдэжыр къэзыlэту си нэгу нэхъ къыщlэувэжыр жэщым комбайным сытесу, гъавэу щlэзгъэщэщыр бункерым из хъуарэ машинэр къыlухьауэ щыlуишым дежт. Абы гухэхъуэу къыпыкlым хуэдиз нэгъуэщlым къызимытыну къысщыхъурт абы щыгъуэ... Къызыхэкlри къуажэм сыкъызэрыщыхъуар арагъэнт».

Дызэрыщыгъуазэщи, 1990 гъэхэм къэралым зэхъуэкlыныгъэ къызэрымыкlуэхэр къыщыхъуащ. Джэрыджэр абыхэм зэраlущlари гъэщlэгъуэнщ.

«Ерыскъы комбинатым илъэси 10-кlэ сыщылэжьауэ, къэралым ди нэгу къытхущlэмыгъэхьа lуэхугъуэхэр къыщохъу. Совет Союзым хэт республикэхэр зэхокlыж. Апхуэдизыр щызэхакъутэжми дыкъызэтенэн тхузэфlэкlат. Москва цlыхугъэ щызиlэти, ар щылажьэм запытщlарэ фошыгъур зыlэрыдгъэхьэу, къыщlэдгъэкlыр Новгород Ищхъэрэм едгъашэу, абыхэм ахъшэ хьэзыр къыдату дыкъекlуэкlащ. Цlыхухэм яшхын щамыгъуэтым, ди деж щылажьэхэм зыщlэсын фэтэр нэгъунэ къахуэтщэхурт.

Республикэм и «Агропромым» зэрылажьэ lэмэпсымэхэмкlэ и къудамэм и унафэщlу сыщыщыlам къэрал псор къызэхэткlухьын хуей хъурт, lэмэпсымэ нэхъыфl дыдэхэм дылъыхъуэрэ ахэр ди щlыналъэм къитшэу. Консерв щащl, псы щрагъахъуэ, хьэлвэ щагъэхьэзыр заводхэм я нэхъыбэр дэ къыдэпхати, ахэр lэмэпсымэкlэ къызэзыгъэпэщри дэрат. Ауэрэ здекlуэкlым, Одессэ щыlэ lэщlагъэлlхэм хъыбар зэбграгъэхащ, «фызыхуей заводхэм хуэдэ дэ тхуэщlынущ» жаlэу, икlи щапхъэ папщlэу зэхагъэува я lэмэпсымэр Москва и ВДНХ-м дагъэуващ. Ар зэхэзыха ди министрым сриджащ, икlи «кlуэи мыр зищlысыр зэгъащlэ, уэращ апхуэдэхэм хэзыщlыкlыр» къызжиlащ. Сожьэри, ВДНХ-м къыщызогъуэт а заводым и теплъэр Москва къезыгъэшахэр. Дызэгурыlуа иужь, Одессэ сокlуэ. Сызыхуэзахэм яжызоlэ заводым и зэхэгъэувэкlэр дигу зэрырихьар. А lуэхум ахэр апхуэдизу щыгуфlыкlати, «япэ фыкъызэрищам папщlэ, уасэ тедмылъхьэу мыр фыдот, фхуэгъэлажьэ закъуэмэ» къызжаlати, lэмэпсымэр, ди министрым и унафэкlэ, Кэнжэ ирагъэшащ (колхозым и унафэщlыр Унэжокъуэ Борист). Хъарзынэу щызэтраухуат, лажьэуи ирагъэжьат. Арщхьэкlэ, аркъэ къыдэгъэкlыныр къэралым хуит щищlыжым, Кэнжэ дэта консерв заводым и lуэхури абы хуагъэкlуащ, къахуэтша lэмэпсымэхэри къыщамыгъэсэбэпыжхъуащ», - игу къигъэкlыжырт Джэрыджэм.

Хьэсэн адыгэ лъэпкъым телажьэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуlу гупми хэтащ. Абдежым къыщаlэта lуэху щхьэпэхэм ящыщщ 2003 гъэм къыдагъэкlа 131-нэ федеральнэ хабзэм, щlыр къуажэхэм зэрытрагуашэм ехьэлlам, ди республикэм зэрыщыбгъэдыхьэм зэрыхэплъэжауэ щытар.

«131-нэ статьям къигъэув щlы lуэхум ехьэлlар ипэжыпlэкlэ зищlысыр, абыкlэ жаlэну зыхуеяр тэмэму яхузэхэгъэкlатэкъым. Ауэрэ, Парламентым щlэс гуэрым къызжиlащ: «Къуршымкlэ щыlэ хъупlэхэр, адыгэхэм игъащlэ лъандэрэ яlыгъахэри хыхьэу, ди гъунэгъу лъэпкъым я къуажэхэм ират!». А lуэхум ирипlейтейхэм едгъэкlуэкlа пэкlухэм я фlыгъэкlэ, унафэр адэкlи пхызыгъэкlыну хуейхэр къызэтрагъэувыlэжауэ щытащ. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ягуэшыну зыхунэсар зэрыратауэ къэнащ... Телъыджэр аращи, езы лlыщхьэхэм иужьым зыкъызэраумысыжауэ, 131-нэ статьям къигъэувыр пхагъэкlын lуэхум яужь ихьэн ипэ, абыхэм 84-нэ статьям къыщыхьар ягу къагъэкlыжын хуеящ. Абы итыр мыращ: «къуажэхэм ижькlэрэ яlыгъа хъупlэхэр япэщlыкlэ къыхэгъэщхьэхукlауэ, къэнам унафэ тещlыхьын».

Хьэсэн «Адыгский олимп» зыфlища и тхылъым и гъэхьэзырыкlэ хъуами и гугъу едгъэщlат.

«А лъэхъэнэм хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ журналист lэщlагъэм хуэlэижьхэу Хьэфlыцlэ Мухьэмэд, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, си къуэш Арсен сымэ. Тхылъыр Истамбыл къыщыдэзгъэкlащ, и бжыгъэкlэ мини 5 хъууэ. Ар Хэкум къишэжынымкlэ Сэбаншы Назми хуабжьу къыздэlэпыкъуат».

Хьэсэн жылагъуэ lуэхухэм къадэкlуэу псапи илэжьащ.

«Къуажэм дэт мэжджытыр ухуэнымкlэ си къуэш lэмин къыздэlэпыкъуащ. Пщlантlэм асфальт тредгъэлъхьащ, псы дедгъэшащ, пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкlэ жыгыщlэ цlыкlухэр ибгъухэмкlэ щыхедгъэсащ...».

Жылагъуэм, и лъэпкъым я lуэхур ящыгъэпсынщlэныр зи дуней тетыкlэу щыта Джэрыджэ Хьэсэн и гъащlэр щапхъэу жыпlэфынущ, хузэфlэкlам тетщlыхьмэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



Ди псэлъэгъухэр

Фи бынхэр фlыуэ флъагъу

Гурэ псэкlэ гугъу ехь, хэкlыпlэ лъыхъуэ цlыхур хуэныкъуэщ къызыгурыlуэн, и гукъеуэхэр зыхуиlуэтэн, чэнджэщкlэ зыкъыщlэзыгъэкъуэн. Цlыхур цlыху щlыжщ щlыжаlари апхуэдэ гуэр хъунт. Психологие щlэныгъэмрэ абы ирилажьэ психологхэмрэ къызэрежьэрэ, цlыхухэм я гурыгъу-гурыщlэкlэ ягъэв хьэлъэр куэдкlэ нэхъ псынщlэ хъуауэ жыпlэ хъунущ. Абыхэм я фlыгъэкlэ зедгъэсащ ди щхьэ япэ идгъэщыфу, лей зытедмыгъэхьэу, гугъуехь гуэр дрихьэлlамэ, дыпэлъэщыфу. НобэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ lэщlагъэлlхэр, щlэныгъэлlхэр и куэдщ, ди гуапэ зэрыхъунщи. Абыхэм ящыщщ мы тхыгъэмкlэ фэдгъэцlыхуну психолог, психотерапевт ТЫlЭЩ Заретэ.

Псэзэпылъхьэпlэ ихуэу, абы гущтэ хэзыха, сабиигъуэ хьэлъэм зэтрихуа е анэдэлъху узым имыгъэкlуатэ сабийхэми балигъхэми ядолажьэ ар. Абы и щlэныгъэм хигъахъуэ зэпыту, психологием и унэтlыныгъэ зэмылlэужьыгъуэхэм зыщигъэгъуазэу, балигъыпlэм иту зыхуейр къыгурыlуэжу мыбы хуеджэжауэ, психологиер и етlуанэ lэщlагъэу зэрыщытым нэхъри дзыхь хуегъэщl. Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрыщlкlэ илъэс куэдкlэ щыпсэуауэ, щылэжьауэ, щlэныгъэ лъагэм къыхухэкъузыкlыр къыздихьри, хэкум къигъэзэжащ Заретэ и унагъуэр щlыгъуу.

- Цlыхухэм куэд я нэгу щlокl, хъыбар гуузхэр къаlуэтэж, ар кlуэцlкlэ ягъэв... Абыхэм я псэр къезыхуэкlыр къэптlэщlыныр, ар зэбгъэзэхуэныр, а хъыбархэм уэ езым уи гур зэракъутэм уебакъуэу, уадэlэпыкъуныр къызэрыгуэкl lэщlагъэкъым. Щхьэ психологием ухуеджэжын хуей хъуа, Заретэ?

- Япэу зэзгъэгъуэта lэщlагъэмкlэ сыэкономистщ. Си щхьэгъусэм и лэжьыгъэ lуэхукlэ Пермь къалэм дыщыщыпсэуам бухгалтеру сылэжьащ. Психологием сыхуеджэну къыщыслъэщlыхьам сабийхэр згъуэтакlэт. Икlи сыщlэтlысхьат, мази 8-кlэ сыхуеджауи хыфlэздзэжат. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, психологыр зэрыщытын хуейуэ си нэгу щlэтымрэ дызыхурагъаджэмрэ, дезыгъаджэхэмрэ зэтехуэртэкъым. Иужькlэ риэлтору сылэжьащ, ипэжыпlэкlи адрейхэм хуэдэу зыри схуэщlэтэкъым, ауэ цlыхухэм я дзыхь къызагъэзу, сэ къызэпсалъэмэ нэхъ къащтэу гу зылъыстэжати, психологиерагъэнщ си насып зыхэлъыр жысlэри, абы зестыжащ. А лъэхъэнэм хэкум нэхъ и гъунэгъуу жытlэри, дыкъэlэпхъуауэ Краснодар къалэм дыщыпсэути, абы сыщыщlэтlысхьэжри, психологиер къэзухащ. Сабийхэм садэлэжьэн щlэздзащ занщlэу. Си гум къинат институтым щыдагъэщlа lэмалхэм ящыщу «позитивная терапия Пезешкина»-р. Псалъэм папщlэ, сабий къыпхуашэ: «Мыр мэдыгъуэри, зыгуэр схуещlэ», - жаlэри. Зи гугъу сщlа lэмалым и гупсысэ нэхъыщхьэмкlэ, сабийр щlэдыгъуэм и щхьэусыгъуэм лъыхъуэркъым, «дыгъуакlуэ» жиlэуи диагноз хуигъэувыркъым, игъэукlытэркъым, игъэшынэркъым. Атlэ lэзэу зэрыдыгъуэфым теухуауэ, и зэфlэкlыр, и гупсысэкlэр, и бзэджагъэр къелъытэри, сабийм зегъэужьынымкlэ, нэгъуэщl гуэрым дегъэхьэхынымкlэ и зэфlэкlхэр психологым къегъэсэбэп. Зэрынабдзэгубдзаплъэм, зэрыжыджэрым, зэрыlэпсынщlэлъэпсынщlэм щхьэкlэ сабийм ущотхъу, уоубзэ, утолъэщlыхьри, езым фlыкlэ зыкъызэкъуех, зыкъегъазэ.

- Гъэщlэгъуэнщ! Апхуэдэ лъэныкъуэкlэ дыгъум укъегупсыс хъуну зэи си щхьэ хуэкlуакъым...

- Адэ-анэхэр къэуlэбжьауэ щlокlыж а lуэху еплъыкlэм щызгъэгъуэза нэужь. Икlи сабийм зэрыхущытым зрагъэхъуэжа нэужь, езы цlыкlухэми фlы и лъэныкъуэкlэ зыкъагъазэ.

- Сытым дежи сфlэгъэщlэгъуэну щытащ - хабзэмрэ динымрэ дауэ цlыхур зэрагъасэр? Психологием пэщlэувэрэ ахэр?

- Сыкъызыхэкlа лъэпкъыр хуабжьу фlыуэ солъагъу, хэкум къыщlэдгъэзэжари аращ, ауэ хабзэмрэ динымрэ цlыхум къыжьэхэмыуэу схужыlэнукъым. Псалъэм папщlэ, хабзэм дегъасэ нэхъыжьыр къытхуэкlийми, тхуэмыфащэ къыдипэсми тшэчын, зытшыlэн хуейуэ. Хъунукъым адэ-анэм уапэпсэлъэж, уи напlэр едзыхауэ, сыт къыбжаlэми арэзы утехъуэу ущытынущ. Апхуэдэщ динри – дыкъэзыгъэщlам дрищхьэхуимытщ. Зы лъэныкъуэкlэ хабзэр къыткlэщlэрol, адреймкlэ диныр. Аращи, цlыхум къыдалъхуа хьэлми, хъуэпсапlэхэми, хуитыныгъэми зехъуэж. Икlи, пэж дыдэу, цlыхур щхьэхуимыт мэхъу. Ар хуиткъым зыхуэмейр, фlэмыфlыр, насыпыншэ зыщlыр къипсэлъыну. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, мэукlытэ, хабзэм апхуэдэу игъэсащи, мэшынэ, диным абы къыхуриджащи! Ауэ уи гущlэм къыщызэщlэуша гурыгъу-гурыщlэхэр зыщlыпlи пхуэхьыркъым, ар lугъуэм хуэдэу бзэхыжыркъым. Уеблэмэ зыгуэр зи жагъуэ хъуа сабийр хуиту гъыну хуиткъым, ягъэукlытэурэ, ягъэшынэурэ ирагъэкъухыж нэпсыр. Аращи, а псори узу цlыхум къофыкlыж: шхалъэ уз, гу уз, щхьэ уз, нэгъуэщlхэри. Абыкlэ lуэхур зэфlэкlмэ, уи насыпщ. Апхуэдэущ къызэрыунэхур бзаджащlэхэр, щlэпхъаджащlэхэр. Нэхъ гущlэгъуншэ дыдэу яцlыху щlэпхъаджащlэхэм я сабиигъуэр зыщыбгъэгъуэзэн щlэбдзэмэ, къыкъуэщыжынущ адэ-анэ гущlэгъуншэхэр, мэжэщlалlэр, щыщlэныгъэр, дэкъузэныгъэр е курыт еджапlэм щашэча лейр, дзыр. Сабийхэм я гум лъагъуныгъэр, фlыр, дахэр, къабзагъэр илъу къалъху, балигъхэм я щытыкlэращ ар зэтезыхур.

- Апхуэдэ гуэр хъунщ къэмыувыlэжыфу лэжьэрейхэр, зыщымысхьыжхэр къезыхуэкlри?!

- Пэжщ. Абыи и лъабжьэр сабиигъуэрщ къыщежьэр, ауэ щхьэусыгъуэр нэгъуэщlщ. Лэжьэрейхэм я сабиигъуэм гулъытэрэ щытхъурэ яхуримыкъуауэ арац. Абыхэм и чэзум зыми къыжраlакъым зэрыхъыджэбзыфlыр, зэрыщlалэфlыр, адэ-анэр абыхэмкlэ зэрыгушхуэр. Яхурикъуакъым лъагъуныгъэ, гуапагъэ, хуабагъэ, щытхъу. Ахэр балигъыпlэ иувэхукlэ бэшэчу лъыхъуащ икlи ежьащ а псалъэхэм. Ауэ, щамыгъуэтым, лэжьыгъэм пэрыувэри, еши-псэхуи ямыщlэу лэжьэн щlадзащ, нэгъуэщl цlыхухэм гу къылъатэу къыщытхъуным пэплъэу, абыхэм я псалъэ гуапэм ежьэу.

- Апхуэдэ адэ-анэхэр къызгурыlуэну яужь сохьэри, сфlэгъуэныхь мэхъуж. Ахэри апхуэдэу дэкъузауэ япlащ, ялъэгъуари ящlэжу арац. Ауэ щыхъукlэ, зэгуэр зэпычын хуейкъэ лlэщlыгъуэкlэрэ къызэуджэкl lуэхухэр.

- Узахуэщ. Ар цlыхум къыгурыlуэу, езым зихъуэжын хуейщ, армыхъумэ психологие и лъэныкъуэкlэ «уlэгъэ» хъуа цlыхухэм я бжыгъэм зэи хэщlынукъым. Икlи газетеджэхэм захуэзгъэзэну сыхуейт... Фи бынхэм фахущымысхь псалъэ дахэ, лъагъуныгъэ, гуапагъэ. Я напэм щабэу lэ дэфлъэ, я щхьэфэм гуапэу фытеlэбэ, я ехъулlэныгъэхэмкlэ фыгушхуэ, икlи фымыукlытэ фlыуэ зэрыфлъагъур яжефlэну. Фэ зэпlэзэрыту, щыпкъэу, ткlийуэ фагъэсар гурыlуэгъуэщ, ауэ быным ищlэн хуейщ дунейм къызэрытехьа къудейм щхьэкlэ фlыуэ зэралъагъур. Аращ ахэр насыпыфlэ зыщlыр. Сабийр щынасыпыфlэм деж мэгъагъэ. Цlыхум игу иримыхьыр, зыхуэмейр, игу къеуэр хуиту жиlэфмэ, ар адэанэм зэхахмэ, къагурыlуэмэ, сабийр пхуимыудыну, и гур щызу, зыхуейр ищlэжу, а зыхуейм ерыщу хуэкlуэу, лъагапlэщlэхэр зригъэгъуэт зэпыту къэхъунущ.

- Узыхуеджэжа психологиер бын пlынымкlэ сэбэп къыпхуэхъуауэ пхужыlэну, Заретэ? Уэ езым къыпхуэщхьэпа а lэмалхэр?

- Бынищ сиlэщи, щыри психолог деж згъэкlуащ. Хамэм срипсихологми, абыхэм я дежкlэ сыанэщ. Лъэпкъым илъэс мин бжыгъэкlэ къыддекlуэкlа хабзэмрэ бзэмрэ ди унагъуэм илъу дыкъэгъуэгурыкlуати, гъэсэныгъэм ипкъ иткlэ сэ къызжамыlэфыр психологым жраlэну lэмал естащ щыми. Икlи зэи сыт си быным къыпхуиlуэтар, сыт игу къеуэр, сыт чэнджэщу ептар жысlэу сащlэупщlэжакъым. Яхуэсщlэфынур арати, хуабагъэм сахущысхьакъым, я гум щыщlэр хуиту жаlэу езгъэсащ, я псэм фlэфl гъуэгуанэм сапэрымыуэу тезгъэхьащ. Дауи, чэнджэщымрэ упщlэмрэ зыщlыпlи кlуакъым, ауэ хъыджэбз нэхъыжьыр илъэс 19 фlэкlа мыхъуу Франджым сыщеджэну, сыщыпсэуну сыхуейщ щыжиlам, дыпэрыуакъым. Илъэс 11 хъуауэ щопсэу хамэ къэралым. Нейрохирург хъуну и хъуэпсапlэу къежьами, илъэсрэ ныкъуэрэ хуеджауэ, ар lэщlыб ищlу режиссурэм зыщритами, хуэдгъэдэхащ.

- Париж и театрхэм пьесэхэр щигъэуву, и цlэр фlыкlэ щраlуэу, зэчиифlэ дыдэу зэхэсхащ. Дызэхуэзэн ипэ зыщызгъэгъуэзащ абы.

- Тхьэр арэзы къыпхухъу. Мэлажьэ, илэжьыр фlэфlщ, абы насыпыфlэ ещl.

- Нэхъыщlэхэр-щэ?

- Хъыджэбз нэхъыщlэр вокалымкlэ гъэсакlуэщ, макъамэ етх, уэрэдусщ, дикторщ, дефектологщ. Щlалэр Краснодар дэт Мэкъумэш университетым экономикэ шынагъуэншагъэм щыхуоджэ, 4-нэ курсым щlэсщ, инджылызыбзэм хуабжьу дехьэх.

Епсэлъар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекlуэкlащ «Музейхэм я жэщ» урысейпсо lуэхур. Хэкум и хъумакlуэхэм я илъэсым ар траухуащ лlыхъужьхэм.

«Музейхэм я жэщ»

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, къэралым и дэнэ щlыпlи гъэ къэс мы щэнхабзэ зэхыхьэр щрагъэкlуэкl. Ар щlащlэр цlыху нэхъыбэ кърашалlэу, псом хуэмыдэу щlалэгъуалэр, хуэсакъыу яхъумэ хъугъуэфlыгъуэхэм, щапхъэу къалъытэ цlыху цlэрыlуэхэм, лlыхъужьхэм я гъащlэм, тхыдэ къэхъугъэхэм щагъэгъуэзэн папщlэщ.

Пщыхьэщхьэхуэкlуэ щыхъум, республикэм и музейхэм, галереехэм, гъэлъэгъуэныгъэ пэшхэм я бжэхэр зыплъыхьакlуэхэм хузэlуахащ. Гъэлъэгъуэныгъэхэм къинэмыщlауэ, ахэр лекцэ зэхуэмыдэхэм ирагъэдэlуащ, лlыхъужьыгъэм и дерсхэри хэту, зэпеуэхэр, мастер-классхэр къахузэрагъэпэщащ. Зэхыхьэхэр щекlуэкlащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм, Гъуазджэхэмкlэ музей, Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэм, Щоджэнцlыкlу Алий, Кулиев Къайсын, Вовчок Маркэ я цlэр зезыхьэ музейхэм.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъэгъуащ «Великая Победа» выставкэр. Хьэщlэхэр ирагъэплъащ «Гардарика Кавказа» арт-фестивалым хэта сурэтыщlхэм я lэдакъэщlэкlхэм, КъБР-м и Лъэпкъ музейм щахъумэну тыгъэ хуащlахэм, КъБКъУ-м и егъэджакlуэ, ЮНЕСКО-м хэт, Бай Галинэ и 3 D проектым, ди щlыналъэм и щlыпlэ дахэхэмрэ цlыху цlэрыlуэхэмрэ ятеухуар. Галинэ и лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ щlэинхэм триухуащ. Апхуэдэщ Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и фэеплъыр, «Сосрыкъуэ» архитектурэ теплъэр, «Игъащlэкlэ Урысейм дригъусэу» скульптурэр. Республикэм и тхыдэм къыгуэхыпlэ зимыlэ и цlыху цlэрыlуэхэм ящыщу зи теплъэ къигъэлъэгъуахэм ящыщщ КъБР-м и япэ Президенту щыта Кlуэкlуэ Валерэ, дирижёр цlэрыlуэ Темыркъан Юрэ, художникхэу Кlыщ Мухьэдинрэ Шемякин Михаилрэ, нэгъуэщlхэри.

- Ди щlыналъэм и теплъэ дахэмрэ щэнхабзэ къулеигъэу дэлъымрэ къызэрызгъэлъэгъуэным, музейм къекlуалlэ цlыху къызэрыгуэкlхэми тхыдэм пыщlэныгъэ зэрыхуаlэр зэрызыхезгъэщlэным сыхущlэкъуащ, - жеlэ Бай Галинэ. – Гуапэщ «Музейхэм я жэщым» си лэжьыгъэр куэдым зэралъэгъуар, щlэщыгъуэ зэращыхъуар.

Ткаченкэ Андрей и цlэр зезыхьэ Сурэтыщl гъуазджэхэмкlэ музейм и хьэщlэхэр хагъэгъуэзащ Хэку зауэшхуэм хэта художник Сындыку Анатолэ и лэжьыгъэхэм. Абы екlуэлlахэм я нэгу зрагъэужьащ Налшык къалэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школ №1-м и гъэсэнхэмрэ «Иоканто» уэрэджыlакlуэ студием и артист ныбжьыщlэхэмрэ.

Кулиев Къайсын и цlэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм щагъэхьэзырат «Зауэм илыпщlа лlыхъужьхэр» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хагъэхьащ Кулиевымрэ абы и ныбжьэгъухэмрэ 1941-1945 гъэхэм къриубыдэу зытрагъэха сурэтхэр. Къищынэмыщlауэ, «Зауэм игъэунэхуа усэхэр» зыфlаща литературно-макъамэ пшыхьым къыщеджащ Кулиев Къайсын и усэхэм. Лlыхъужьыгъэм и дерсыр траухуат Залихановхэ я унагъуэм зауэ зэман лъандэрэ щахъумэ письмохэм къеджэным. Ныбжьыщlэхэм я lэдакъэщlэкlхэр щызэхуахьэсат «Сабийхэм зауэм и лlыхъужьхэм я сурэтхэр ящl» гъэлъэгъуэныгъэм. Музейм екlуэлlахэр ирагъэплъащ «Я за мир, потому что сам воевал» фильмым,Кулиев Къайсын теухуам.

Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм игъэхьэзырат «1941-1945 гъэхэм екlуэкlа Хэку зауэшхуэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым литературэмрэ гъуазджэмкlэ и лэжьакlуэхэм яхузэфlэкlар» гъэлъэгъуэныгъэр. Музейм ныбжьыщlэхэр щызэпеуащ Щоджэнцlыкlу Алий и усэхэм къеджэнымкlэ. «Щоджэнцlыкlу Алий и гъащlэмрэ гуащlэмрэ» викторинэми я зэфlэкl щеплъыжащ.

Вовчок Маркэ и цlэр зезыхьэ унэ-музейм къыщызэрагъэпэщащ «Урысейм унагъуэ иlэкъым я лlыхъужьым и фэеплъ щамыхъумэ» дерсыр, Хэку зауэшхуэр ди къэралым и Текlуэныгъэкlэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъуам теухуауэ щытар. Апхуэдэу абы щекlуэкlащ «Зауэр сабийхэм я нэкlэ» гъэлъэгъуэныгъэри.

Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я музейхэми мы жэщым тхыдэм, Хэку зауэшхуэмрэ дзэ lуэху хэхамрэ я лlыхъужьхэм ятеухуа зэlущlэхэр, зэпеуэхэр, нэгъуэщl lуэху зэмылlэужьыгъуэхэр щекlуэкlащ, я ныбжьми зыпэрыт лэжьыгъэми емылъытауэ псоми гъэщlэгъуэн ящыхъуну.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Щlыналъэр зэфlагъэувэж

Белгород областыр зэфlэгъэувэжыным теухуа программэм сом меларди 157-рэ текlуэдэнущ. Урысейм и Президент Путин Владимир къэрал гъунапкъэм хуэзэ щlыналъэхэм я щытыкlэр егъэфlэкlуэжынымкlэ лэжьыпхъэхэр убзыхуныр пщэрылъ ищlа нэужь, областым и губернаторым и япэ къуэдзэ Пономарев Илья хэгъэгу правительствэм и зэlущlэр щригъэкlуэкlым а бжыгъэр наlуэ къищlащ.

ЗэфlэгъэувэжыныгъэмкIэ къэрал программэм унэтlыныгъэ нэхъыщхьэу щы къыщыгъэлъэгъуащ. Япэр жылагъуэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным епхащ. Абы хохьэ къуажэхэмрэ къалэхэмрэ къэуэнкlэ шынагъуэ зиlэ lэмэпсымэхэр зэранығъэншэ щыщlыныр, зезыгъакlуэр зэрымыс жыхулъатэхэм зэрызыщахъумэн lэмалхэр къызэгъэпэщыныр.

Етlуанэ унэтlыныгъэр хуэунэтlащ щlыналъэм и ухуэныгъэхэр зэгъэпэщыжыным. Абы и лъэныкъуэкlэ зыхуей хуагъэзэжын хуейуэ къапэщылъщ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и lэнатlэу 1200-рэ, цlыхухэр щыпсэу фэтэру 3500-рэ, егъэджэныгъэ lуэхущlапlэу 100-м щlигъу, медицинэ центру, спорт, щэнхабзэ объектхэу пщlы бжыгъэхэр.

Ещанэ lыхьэр хухэхащ цlыхухэм социальнэ дэlэпыкъуныгъэхэр яхуэщlэным, щlыналъэм и экономикэр жыджэру зиужьу зэфlэгъэувэжыным.

Накъыгъэм и 29,
махуэку

♦ **1929 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик цlэрыlуэ, филологие щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъШКъУ-м и профессору, ЩlДАА-м и вице-президенту, Къэрэшей-Шэрджэсым и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlу щыта **Бэчыжь Лейлэ.**

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 30,
мэрем

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ пшынауэ lэзэ, КъБР-м и цlыхубэ артист **Сэхъу Хьэсэн.**

♦ **1970** гъэм къалъхуащ тележиссёр, искусствоведенэмкlэ кандидат, УФ-м и Артиадэм и лауреат **Сэралъп Самарэ.**

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 14 – 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩl Иэзщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщlэм гъуэгу ет.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Къэралыр игъэсысат...

В Центральном Комитете КПСС

О МЕРАХ ПО ПРЕОДОЛЕНИЮ ПЬЯНСТВА И АЛКОГОЛИЗМА

1985 гъэм и накъыгъэм газетхэм къытрадзащ КПСС-м и ЦК-м «ФадэкIэ ерыщынымрэ алкоголизмэмрэ къызэнэкIыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» къыдигъэкIа унафэр. Иджы куэдым хьэкъ ящыхъуащ: игъэува мурадым лъэIэсыным и пIэкIэ абы ди къэралым и лъэр щIиудащ.

СЫТЫТ атIэ СССР-м и унафэщIхэр, щхьэтечу жыпIэмэ, партым и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Горбачев Михаил, а лъэбакъуэм езыхулIар? КъызэрыщIэкIамкIэ, зыми. Совет Союзым нэхъуеиншэу фадэ щагъэкIуэщIыртэкъым, европей мардэхэм ятепщIыхьмэ. Ауэ зэхъуэкIыныгъэ инхэр иригъэкIуэкIыну, жылагъуэщIэ зэтриухуэну мурад зыщIа Горбачёвым зыгуэркIэ къыщIидзэн хуейт. Фадэм ткIийуэ пэщIэувэныр къыхихащ. А зэманым абы и лэжьэгъуахэм иужькIэ псори а цIыхум тракъуэу езыхэм щыуагъэр зыщхьэщахыну хущIэкъуащ, ауэ абыхэм ящыщу зыри а лъэбакъуэр имыдэу къэувакъым. Ардыдэми къигъэлъэгъуащ къэрал унафэр зылI закъуэм и жыIэм зэрыIэщIэлъыр, абы игъэувыр хабзэу зэрыщытыр. Езы Горбачёвым апхуэдэ къулыкъур и къэухькIэ зэрыхуэмыфащэр хэплъхьэжмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу иужькIэ къэхъуа псори къызыхэкIар.

Фадэм и бий бэнэныгъэр къэзыгупсысар а цIыхуратэкъым, къыщежьари ди къэралыртэкъым. Абы и Iэмал куэд ягъэунэхуакIэт, «Хабзэ гъущэр» дэнэ щIыналъи къыщезэгъыртэкъым. Горбачёвым, сыт щыгъуи гъуазэу иIа Америкэм и Штат Зэгуэтхэр къэтщтэнщи, ар ящыщат блэкIа лIэщIыгъуэм а къэралым хуабжьу зэран хуэхъуахэм. Абы къишащ США-м мафием зыщиубгъуныр, щIэпхъаджагъэхэм хуабжьу щыхэхъуэныр. ИкIэм-икIэжым якъутэжын хуей хъуащ. Ар щапхъэ хьэзырт. Ауэ Горбачёвым зи Iэр зи мурадым лъэзыгъэIэсыфу зыкъигъэлъэгъуэн хуейт.

СССР-м аркъэ куэду щрафу щытащ зауэ нэужь илъэсхэм. Гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэм хэтахэм ящыщ куэд фадэ гуащIэм тетIысхьат. Абы щыгъуэми, адрей хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ я гъусэу абы и уасэр къэралым игъэмащIэрт. Процент 27-кIэ къыщрагъэхам, уеблэмэ цIыхубзхэр партым и ЦК-м хуэтхьэусыхауэ щытащ, «дилIхэр фадафэ фощI» жаIэри. Абы къикIам дэ дыщыгъуазэкъым, ауэ властхэм куэд ялэжьащ цIыхухэр шагъырымрэ сырэмрэ трагъэтIысхьэн папщIэ. Ахэр нэхъыбэу къызыхуаIэтыр нэщхъыфIагъэрт, гукъыдэжыфIырт. Жызумым, нэгъуэщI пхъэщхьэмыщхьэхэм къыхэщIыкIа шагъыру Совет Союзым зы цIыхум хуэзэу зы илъэсым литр 27-рэ щрафырт, 1985 гъэм и накъыгъэм зи гугъу тщIы унафэр къыдэкIа иужь, а бжыгъэр литри 3 (!) хъуащ. Хьэуэ, ефэн щагъэтакъым, атIэ фадэ гуащIэхэм хуэкIуауэ арщ. АрщхьэкIэ ахэри егъэлеяуэ зэпаубыдат, къыщIагъэкIри мащIэ дыдэт, зэман пыкъузыкIакIэт щащэри, зэрызекъуи щыкуэд тыкуэн закъуэтIакъуэхэрт щыбгъуэтыр. Дэнэт атIэ ахэр къыздрахыр? Самогон (языныкъуэхэм «цырибон» жаIэ) щыщIамыгъэж къуажэ къэгъуэтыгъуейт. Абы къыдэкIуэу къалэхэм къыщежьащ «самопал» зыфIаща «коньякхэр», заводым щащIа хуэдэу тхылъымпIэхэр зытет аркъэ зэмылIэужьыгъуэ дыдэхэр. Ахэр иджыри щыIэщ икIи къэралым фадэ щIынымкIэ йохьэ-йохуэ, хьэжьвакъэжьышххэр къулей ящIу.

Арщи, къэралым фадэ гуащIэу щрафыр нэхъ мащIэ зэи хъуакъым. Ауэ, дауи, хуабжьу екIэкIуащ. КъапэщIэхуэм къызэрыхащIыкIым къыхэкIыу фадэ нэпцIхэм ягъэсымаджахэр, уеблэмэ ягъэлIахэр мащIэкъым.

«Хабзэ гъущэм» зэфIигъэува щытыкIэр зыхуэдэр бжыгъэхэм IупщIу къагъэлъагъуэ. 1980 гъэхэм я пэщIэдзэм къэралым спиртым къыхэщIыкIа фадэ гуащIэу зы илъэсым декалитр мелуан 200 щагъэхьэзыру щытамэ, 1987 гъэм зэрыхъужар декалитр мелуани 120-рэщ. Ауэ 1985-1987 гъэхэм СССР-м фошыгъуу процент 18-кIэ е тонн мелуан 1,4-кIэ нэхъыбэ щащащ. Ар къызэрагъэсэбэпа щIыкIэр гурыIуэгъуэщ: апхуэдиз фошыгъум самогон декалитр мелуани 140-150-рэ къыхащIыкIыфынут. Абы къигъэлъагъуэркъэ фадэ гуащIэу ирафым и бжыгъэм, уеблэмэ зэрыхэхъуар. Ауэ бюджетым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. 1989 гъэм и закъуэ абы Iэрыхьакъым а зэманым щыIа ахъшэмкIэ сом мелуан 91,8-рэ (къэралым и хэхъуэ псори зэрыхъур сом мелуан 459-рэт). ИкIэм-икIэжым «хабзэ гъущэр» якъутэжын хуей хъуащ, экономикэр етIысэхыпати.

Ауэ мылъкум и закъуэкъым абы хэщIыныгъэу къишар. КуэдкIэ нэхъыкIэщ жылагъуэм и гъащIэм къыщыхъуар. Совет цIыхухэм властым хуэмыарэзы, езыхэми цIыхухэм пщIэ хуамыщIыж хъуащ. Арщ сыт хуэдэ щхьэпсыншагъэ политикэми узыхуишэр.

● ПсэукIэ

Изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым

Урысейм илъэс къэс пенсэхэр индексацэ щащI. Ауэ ар сыт щыгъуи ялъэщIыхьэркъым лэжьапщIэхэм зэрыхэхъуэмрэ инфляцэмрэ. Сыт щхьэкIэ? 2025 гъэм страховой пенсэхэр (лэжьыгъэ стаж ирикъум тещIыхьар) проценти 9,5-кIэ, социальнэхэр (зи лэжьыгъэ стаж иримыкъухэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зыхэпсэукIын ямыIэу къэнахэм, нэгъуэщIхэм ялъысыр) зэуэ процент 15-м нэскIэ къаIэтащ. МащIэ хуэдэкъым. АтIэ сыт щIылъэщIэмыхьэр?

АБЫ и щхьэусыгъуэр къэгъуэтыгъуейкъым: псори къыщежьэр езы цIыхухэм я хэхъуэхэр зыхуэдизырщ - ахэр цIыкIущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, лэжьакIуэм и улахуэр сом мин 46-рэ хъууэ пенсэм кIуэмэ, МОТ-м (ЛэжьыгъэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэ) къызэригъэувым хуэдэу, абы и процент 40-р къыхуэнэжми, Iэрыхьэнур мащIэщ. АрщхьэкIэ ди деж а бжыгъэр зэи апхуэдизым щынэсакъым, псалъэм и хьэтыркIэ, нэгъабэ зэрыщыхъуар процент 30 къудейщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, я улахуэу щытам и Iыхьэ щанитIыр яфIэкIуэдащ.

Мыбдеж индексацэми куэд къыщигъэпкIыркъым, абы игъэзащIэр щыдэжыным и къалэнырщ. Иджыпсту и гугъу тщIынкъым езы инфляцэм и псынщIагъымрэ статистикэм абы теухуауэ къитхэмрэ зэрызэщхьэщыкIым, зытетщIыхьыр иужьрейхэрщ, нэгъуэщI зэрыдимыIэм къыхэкIыу. Ауэ мыбдежми щынэрылъагъущ абы хэлъ мызахуагъэр: индексацэр зытращIыхьыр блэкIа гъэм и кIэухым инфляцэр зэрыхъуарщ. АпхуэдэкIэ абы улъэщIыхьэнукъым. Улахуэхэри IэнатIэхэм щIэх-щIэхыурэ къыщаIэт, лэжьакIуэхэр къаймэщIэкI зэрыщыхъуам къыхэкIыу. Хэбгъэзыхьмэ, губгъуэм пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ къыщезыхьэлIэжхэм иратхэр нэгъабэ хэпщIыкIыу къаIэтащ. Ауэ лIыжь-фызыжьхэм яIэрыхьэхэм, индексацэхэм къадэкIуэу зэ нэхъ мыхъуми хагъэхъуэным зэкIэ зыри тепсэлъыхьыркъым. Мы гъэм захуагъэр зэфIагъэувэжа хуэдэщ: лажьэ нэхъыжьхэм я пенсэхэр индексацэ ящIын щIадзэжащ. Ауэ ар зытрагъэувар иджы зытетын хуей лъагапIэркъым, атIэ илъэси 9 ипэкIэ, 2016 гъэм, здэщыIам къыщрагъэжьэжащ. Мис ар ягу къоуэ а зэманым я Iэщхьэлъащхьэхэр дэхьеяуэ зи къалэн зыгъэзэщIа нэхъыжьхэм - абыхэм лэжьыгъэр зэи зэпагъэуакъым, апхуэдэу щыщыткIи, фIагъэкIуэдар иратыжыну яхуэфащэкъэ?!

АрщхьэкIэ апхуэдэ псалъэмакъ къаIэтыххэркъым. Пэжщ, пенсэ тыкIэм къемызэгъ куэд зэрыхэлъыр белджылыщэ хъуащи, щытыкIэр зыгуэркIэ зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэр къалъыхъуэ. Иджы къыхалъхьэ хъуащ «уэшх блэкIам щIакIуэ къыкIэлъамыщтэу» пенсэхэм я индексацэр нэхъыбэрэ, зэман нэхъ мащIэ я зэхуакуу, ирагъэкIуэкIыну. Псалъэм и хьэтыркIэ, мазищ къэс зэ. Мис ар нэхъ захуагъэт, гъащIэми нэхъ пэгъунэгъут . Ауэ абыи ахъшэм и мызакъуэу, нэгъуэщI гугъуехьи хэлъщ. Мелуан 38-м щIигъу пенсионерхэм я пенсэхэр щIэх-щIэхыурэ къыубжыжыныр, абыхэм ятеухуа тхылъхэр гъэхьэзырыныр тыншкъым икIи ди къэрал абрагъуэм щызэщIэгъэхьэгъуейщ.

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщIар жыкIэфэкIэхэм я Iуэху зыIутырщ. АрщхьэкIэ инфляцэр нэхъыжьхэм я мызакъуэу, яжьэхоуэ зи къэру илъыгъуэхэми. Ди къэралым цIыхухэр псэуныгъэкIэ зэрыщызэщхьэщыкIрэ куэд щIащ, уеблэмэ жылагъуэ ткIиягъэ къиишэу. АтIэ мыбдежми хьэлъагъыр зыщытещIэр хуэмыщIахэрщ. Иужь илъэсхэм къагъэсэбэпу щIадзащ «къулейсызхэм папщIэ инфляцэ» псалъэхэр. Сыт абыхэм къарыкIыр? Псори къызэрыгуэкIщ: къэрал статистикэм уасэхэм зэрыхэхъуар къыщигъэлъагъуэкIэ хьэпшыпу, ерыскъыхэкIыу, Iуэхутхьэбзэу мин куэдым я цIэ къреIуэ. Къулейсызхэр а къомым зыкIи хуейкъым: абыхэм я деж зыхуейхэр хэплъыхьауэ щымыт ерыскъыхэкIхэмкIэ, хущхъуэхэмкIэ, зэрызагъэкъэбзэну, зэрылъэсэну IэмэпсымэхэмкIэ, ЖКХ-м и IуэхутхьэбзэхэмкIэ, гъуэгупщIэхэмкIэ, щыгъын къызэрыгуэкIхэмкIэ щызэфIокI, къафIэIуэхукъым дыщэхэкIхэм, унэлъащIэ гъэщIэрэщIахэм, автомашинэ зыкъизыххэм, зыщIэмыхъуэпсыжыххэ нэгъуэщI хьэпшып лъапIэхэм я уасэхэр зыхуэдэм икIи ахэр зэрыдэуейм гу лъатэххэркъым. Арщи, нэхъ хуэмыщIахэм яйхэр щхьэхуэу къабж. АтIэ апхуэдэхэм я деж нэгъабэ инфляцэр процент 16-м щыщIигъуауэ къалъытащ, «псоми я зэхуэдэ инфляцэр» Урысейм проценти 10-м щыщхьэдэмыхами. АтIэ зи хэхъуэ мащIэхэм я процент 60-70-р ерыскъым тезыгъэкIуадэхэр зыхэт гугъуехьхэр нэрылъагъукъэ?

Абдежи, дауи, къыщыувыIакъым: апхуэдэ къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкI, Макроэкономикэ анализымрэ пIалъэ кIэщI прогнозымкIэ центрым къитащ къулейсызхэм я дежкIэ инфляцэр 2025 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м процент 17-м нэсауэ. Ауэ абы лъандэри зэман дэкIакIэщ. Иджы зэрыхъуар мыгувэу къэтщIэнущ, ар нэхъ иныжу зэрыщытынуми шэч гуэри хэлъкъым. КIэлъыплъхэри, IэщIагъэлIхэщи, къахь бжыгъэр уи фIэщ пщIы хъунущ.

Ауэ пенсионерхэм (лажьэхэми тIысыжахэми) я пенсэхэр нэгъабэ кърикIуахэм тращIыхьауэ проценти 10 хъууэ ягъэува индексацэм илъэсыр иухыху тетынущ. Арщ Iуэхур зыдэщыIэр. Абы щыгъуэми, къулей дыдэхэм я мылъкур зэрыбагъуэм теухуа хъыбархэр газетхэм къытохуэ. Арщи, зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ кууэ мэхъу.

Гукъинэжт и джэгукIэр

Адыгэ киноактёр цIэрыIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Дагъыстэн Республикэм Гамзатов Расул и цIэр зезыхьэ и саугъэтыр 2007 гъэм зыхуагъэфэща Молей Барэсбий къызэралъхурэ накъыгъэм и 28-м илъэс 95-рэ ирикъуащ.



МОЛЕЙ Барэсбий Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм 1930 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым ар щIэтIысхьащ Ростов дэт художественнэ училищэм, 1958 гъэм - театр гъуазджэхэмкIэ Луначарский Анатолий и цIэр зезыхьэ къэрал институтым. Иджыри щыстудента зэманым кином щыджэгуащ, зэфIэкI къигъэлъагъуэу, гукъинэжу.

Совет Союзым, Урысейм я кинематографие гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ Молей Барэсбий. Ар гукъинэжу щыджэгуащ «Табор уходит в небо», «Бэла: Герой нашего времени», «По следам Карабаира», «Расстанемся, пока хорошие», «Вершины не спят», «Любовь моя, печаль моя», «Раненые камни», «Загадка кубачинского браслета», «Буйный Терек», «Снег в сентябре», «Лавина с гор», «Осенние колокола», «Всадник с молнией в руке», «Тайна рукописного Корана» художественнэ фильмхэм. Телевиденэмрэ театрымрэ щищIа лэжьыгъэхэр хэмыту, ар фильм тIощIым щIигъум щыджэгуащ. Молей Барэсбий и иужьрей лэжьыгъэ хъуащ «Дорога на край жизни» фильмым Исмэхьил лIыжьым и роль щищIар. Ди лъэпкъэгъум зэфIэкIышхуэ зэриIам и щыхьэтщ 1958 - 1995 гъэхэм ар «Узбекфильм» киностудием и актёру зэрыщытар.

Кинокритикхэм къызэралъытэмкIэ, Барэсбий игъэзэщIа ролхэр гукъинэж хъуащ икIи купщIэ зиIэхэщ. Молейм и лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр кинематографием и фIыпIэм щыщ зэрыхъуари ди дежкIэ гуапэщ, дызэрыгушхуэнщ.

Театр гъуазджэмрэ киномрэ илъэс 50-м щIигъукIэ хуэлэжьа актёр цIэрыIуэм и ныбжьыр илъэс 80 хъууэ 2011 гъэм дунейм ехыжащ. Молей Барэсбий цIыхухэм ящыгъупщэнукъым, ар щыджэгуа фильмхэм щIэупщIэ яIэхукIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Школ партэхэр къыщIежьар

Псоми дощIэж пэщIэдзэ классхэм дызыпэрыса пасэрей партэ тыншхэр, уеблэмэ абыхэм зыкъомкIэ епхауэ щытащ ди сабиигъуэр. Апхуэдэ партэхэм ди зэманым сабийхэр хуэмыныкъуэжу къалъытэми, ахэр хуабжьу сэбэп хуэхъурт еджакIуэхэм я узыншагъэм.

1861 гъэм «крепостное право» жыхуаIэр Iуахыжа нэужь, школхэм я бжыгъэр зэуэ хэхъуащ. Абы щыгъуэ нэхъыщхьэу къалъытэр бжэкIэрэ еджэкIэрэ сабийхэм ирагъэщIэнырт, зэрыгурыIуэгъуэщи, мыхьэнэшхуэ иратыртэкъым зыпэрыс стIолым.

Школхэм щеджэхэм я бжыгъэр хэхъуэху, нэгъуджэ зезыхьэхэри нэхъыбэ хъурт. Япэу а Iуэхум тегузэвыхьар, хэкIыпIэ къыхуэзыгъуэтар дохутыр Эрисман Фёдорщ. Ар Швейцарием къыщыхъуат, Цирюх университетым щыхуеджат медицинэм. Студенту зэригъэцIыхуат абы щхьэгъусэ хуэхъуа урыс бзылъхугъэ Сусловэ Надеждэ. Ари медицинэм хуеджэрт. Сусловэр щхьэгъусэ ищIри, Эрисман Урысейм Iэпхъуащ. Чыристан диныр къиштащ, Фридрих цIэри ФёдоркIэ зэрихъуэкIащ.

Швейцарием къикIа щIалэр нэм и узыфэхэм еIэзэрт икIи хъарзынэу къехъулIэрт. 1870 гъэм Петербург гимназием и еджакIуэ 15-м я нэхэм кIэлъыплъри, жиIащ еджакIуэхэр нэхъыжьыху я нэхэм зэрилъагъур зэрынэхъмащIэр. А Iуэхугъуэм иригъэгупсысащ цIыхур тыншу щымысу тхылъым щеджэкIэ е щытхэкIэ и нэхэм къызэрытехьэлъэм. Абы теухуауэ итхащ «ЕджакIуэхэр школхэм набгъэ зэрыщыхъур» щIэныгъэ лэжьыгъэри. ХэкIыпIэу къилъытащ школхэм щIагъэувэн стIол тынш къэгупсысыныр. Зэпэлъытауэ щытыпхъэт а стIолым пэрыс ныбжьыщIэм и бгыр занщIэу зэрыIыгъынури тхылъымрэ и нэхэмрэ я зэхуаку дэлъыпхъэ жыжьагъри. Эрисман и партэр тетIысхьэпIэрэ стIолу зэпытт. ЦIыхур захуэу партэм дэсу, тхылъым итыр тыншу илъагъун хуэдэу зэпкърилъхьат. Партэм и сэбэп нэм зэрекIым къищынэмыщIа, еджакIуэхэм я бгыри занщIэу яIыгъыу иригъасэрт. СтIолымрэ тетIысхьэпIэмрэ зэпэгъунэгъути, абы дэсым Iэмал иIэтэкъым зыкъигъэшынуи зигъэкIэрахъуэу щысынуи. Эрисман и партэр ирагъэлъэгъуащ пащтыхь Александр 11-м. Пащтыхьым гу лъитащ партэм удэсу утхэну зэрытыншыр, ар стIол къызэрыгуэкIым нэхърэ зэрынэхъыфIыр. Абы тету, Петербург и гимназиехэм щIагъэуващ Эрисман къигупсыса партэхэр. Ахэр жыгейм къыхащIыкIырт. Зы партэм зы еджакIуэт дэсыр.

Жыгейм къыхэщIыкIа партэхэр языныкъуэ еджапIэхэм я дежкIэ лъапIэт. Абы хэкIыпIэ къыхуэзыгъуэтар егъэджакIуэ Коротков Пётрщ. СтIолымрэ тетIысхьэпIэмрэ нэхъ кIыхь ищIащ, еджакIуитI зэбгъэдэсу дэхуэн папщIэ. Партэм и гъунэхэмкIэ тхъылъылъэм и фIэдзапIэхэр хуищIащ, стIолыщхьэм шэкъэ тегъэувапIэ, стIол щIагъым – тхылъ кIэщIэлъхьапIэ хуищIыжащ. Нэхъыщхьэу Коротков и партэр Эрисман ейм къыщхьэщызыгъэкIыр, абы и щхьэр къэпIэт зэрыхъурт. Иджы еджакIуэр партэм къыщыдэкIкIэ бгъу зимыщIми хъунут - партащхьэр къытриIэтыкIмэ зэфIэкIат. 1887 гъэм Коротков партэм и патент къыдихащ, Урал-Сыбыр промышленннэ гъэлъэгъуэныгъэми медаль къыщратащ. 1917 гъэм ирихьэлIэу Петербургрэ Москварэ дэт школхэм я нэхъыбэм щIэтт Эрисман е Коротков я партэхэр.

Ди зэманым а партэхэр нэхъыбэу щыплъагъур фильмхэрщ. Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэхэм: «Друг мой, Колька!», «Весна на Заречной улице», «Дикая собака Динго», «Аттестат зрелости». 1980 гъэхэм класс нэхъыжьхэм щеджэхэм я партэхэр стIол къызэрыгуэкIкIэ яхъуэжащ. Абы кърикIуар Эрисман зыпэщIэтауэ щытарщ: еджакIуэхэр зэрыхуейуэ стIолым пэрыст, я тхыр къагъэшырт, загъэкIэрахъуэрт. Тхылъым щеджэкIэ е щытхэкIэ стIолым зытрагъащIэрти, я нэхэри ирагъэзэшырт, зэран хуэхъурт. Ауэ ар балигъхэм къафIэIуэхуакъым. 1990 гъэхэм совет зэманым и партэхэр иужьрейуэ къэсэбэпыжащ. Къуажэ школхэм и класс нэхъыщIэхэм щеджэхэр абы иджыри зыкъомрэ дэсыжащ. XXI лIэщIыгъуэ пщIондэ къэсэбэпащ ахэр, стIолыщIэхэр зэзымыгъэпэщыф школхэр иджыри щыIэти.

Ди зэманым хуэкъулейхэм я бынхэр щеджэ гимназиехэмрэ лицейхэмрэ щIагъэувэу къаублащ партэ лIэужьыгъуэ, Эрисман къигупсысауэ щытар уигу къигъэкIыу. Партащхьэр пластикым къыхэщIыкIащ, нэхъ лъагэ е нэхъ лъахъшэ пщIы мэхъу. ЗэрыжаIэщи, жьы хъууэ ящыгъупщэжахэр щIэщыгъуэу къожьэж.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Тхыдэм къигъэзэжу жаIэ, дауи, зэрыщыта дыдэм хуэмыдэми. Ар холъагъуэ иджырей Европэм Урысейм къыхуэгъэзауэ иригъэкIуэкI политикэм. Украинэм дзэ Iуэху хэхам щыщIидза иужькIэ зэгуэр СССР-м и щIыналъэм къизэрыгуахэм я къуэрылъхухэм гугъапIэ яIэ хъуащ я адэшхуэхэм къаймыхъулIар зрагъэхъулIэфынымкIэ, щхьэтечу жыпIэмэ, Урысейр лъэгуажьэмыщхьэу ягъэтIысыну. Арaщ иджырей европей политикхэм я IуэхущIафэхэр зыхуэгъэзари. Уеблэмэ апхуэдизкIэ я нэхэр къыщхьэрыпхъуащи, ар зэрахузэфIэмыкIынур къагурыIуэркъым.

Ахэр къуэкIыпIэм къыхуэпабгъэрт

ЩХЬЭ емыгупсысарэ блэкIам? Ар апхуэдизу жыжьэкъым ящыгъупщэжын хуэдэу.

Дэ школым дыщрагъэджащ икIи иджыри къэс жаIэ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м нэмыцэхэр СССР-м къытеуауэ. Ар тэмэм дыдэкъым: фашист Германиер я пашэу Совет Союзым къебгъэрыкIуауэ арaщ. Пэжщ, вермахтыр къару нэхъыщхьэу щытащ, ауэ абы иIащ дэIэпыкъуэгъу куэд. ХьэкIэкхъуэкIагъэ зыхэлъ зауэм хуащIа хэлъхьэныгъэр зэхуэдэкъым. Румыниер цIыху мин 600-кIэ къыхэуващ, абы цIыху бжыгъэкIэ щIагъуэу зыкъыкIэригъэхуакъым Финляндие цIыкIум - мин 560-рэ. Италием - мин 374-рэ, Венгрием мин 355-рэ «къагъэкIуащ». Франджыри СССР-м хэт Украинэри цIыху мини 100-м щIигъукIэ къахыхьащ. Адрейхэм зауэлIкIэ хагъэхьэщакъым, ауэ псоми экономикэ и лъэныкъуэкIэ Ещанэ рейхым зыщIагъэкъуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Гитлер и дзэр зэрызэуа дэтхэнэ ещанэ танкри, зэрыса етIуанэ автомашинэри Чехословакием щащIат. НэгъуэщI зэрызауэ техникэм, гъэсыныпхъэхэм, гъавэм я гугъу умыщIыххэ.

Псори хуейт СССР-м и къулеигъэхэр зрапхъуэну, ягуэшыну и щIыналъэм Iэмал зэриIэкIэ нэхъ Iыхьэшхуэ къыхахыну. Румынием и Iэтащхьэ маршал Антонеску щIэхъуэпсырт езым и къэралым и гъунапкъэхэм Днепр нэс зригъэубгъуну, Молдавиер, уеблэмэ Украинэр зыIэригъэхьэну. Абы и дзэхэм нэмыцэхэм я гъусэу Одесси, Анапи, Новороссийски къащтэри, Кавказым, уеблэмэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ. АрщхьэкIэ куэдрэ щыуэркъакъым: ирахужьэжащ. Мащэ яхуэхъуар Сталинградщ. Абдеж щыхэкIуэдащ е уIэгъэ щыхъуащ мин 200-м щIигъу. Румын дивизиехэр зэхакъутащ, ахэр зэкIэлъыкIуэу ирахужащ яубыда щIыналъэ псоми. Дзэ Плъыжьыр я лъахэм зэрихьэу румынхэм зызэрахъуэкIащ, Антонеску традзри, Гитлер и бийхэм яхыхьащ.

Франджым и гугъу щытщIкIэ, дэ дигу псом япэу къэдгъэкIыжыр абы зыщызыубгъуа ЗыпэщIэсэныгъэ зэщIэхъееныгъэрщ, дрогушхуэ ди лъэпкъэгъу, а къэралым и лъэпкъ лIыхъуэжь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан абы щызэрихьа лIыгъэм. Ауэ езыхэм яфIэфIу франджы мини 120-рэ фашистхэм я гъусэу зэрызэуам иджыри къэсыху тхыдэджхэр хэхауэ тепсэлъыхьу щытакъым. Ахэр фюрерым къуэуват Наполеон Бонапарт и лъэужьым ирикIуэну. Апхуэдэ дыдэуи хъуащ: япэу зауэм щыIухьар мис а Бородино губгъуэ дыдэрщ. АрщхьэкIэ асыхьэтуи сабэр къыхрагъэхащ, хьэлэч къащIри. АфIэкIаи зэуапIэ IэнатIэ Iухьэжакъым. Иджы Франджым и президент Макрон Эммануэль езым «Европэм и унафэщIу» зигъэувыжащ икIи щIохъуэпс а дзэзешэ цIэрыIуэм и щIыхьым хуэдэ зылъигъэсыну, ауэ абы и ухыкIам егупсысыркъым.

ЖытIэнщи, Инджылызым и премьер-министр Черчилль Уинстони США-м и президент Рузвельт Франклини Франджыр Германием и лъэныкъуэу зэуахэм хагъэхьэну хуеящ, арщхьэкIэ Сталиным яхуидакъым, мис а ЗыпэщIэсэныгъэм, СССР-м и телъхьэу зэуа «Норманди-Неман» франджы авиаэскадрильеу иужькIэ авиаполк хъуам зэфIигъэкIахэр къилъытэри. Сталиным яхуищIар иджы, дауи, ящыгъуащэжащ.

ГугъапIэфIхэр иIащ Италиеми. Ауэ абы и зауэлIхэр совет танкхэм щызэхапIытIащ Сталинград и гъунэгъу губгъуэхэм. ЩIыIэм емыса абыхэм щIымахуэ ткIийр яхуэхьакъым. Абы иужькIэ зыкъауужьыжыфакъым.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ Украинэмрэ Прибалтикэмрэ я цIыхухэу нэмыцэхэм ядэзэуахэм. Украинэр езыр СССР-м хэтащ зэфэзэщу щымыт республикэу. Абы и зауэлI куэд зауэм хэтащ лIыгъэ къыщагъэлъагъуэу, украин мелуанрэ мин 336-рэ хэкIуэдащ.

Ауэ фашистхэм ягухьахэр мащIэу щытакъым. Езы нэмыцэхэми телъыджэ къащыхъурт абыхэм журтхэр, коммунистхэр щызэтраукIэкIэ къагъэлъагъуэ гущIэгъуншагъэр. Къуажэхэм зы цIыху къыдамыгъэкIыу ягъэсырт, сабийхэр, цIыхубз уэндэгъухэр, лIыжь-фызыжьхэр яукIырт. Гимлер Генрих и унафэкIэ 1943 гъэм СС-м хэту къызэрагъэпэща «Галичина» дивизием езыхэм яфIэфIу хыхьащ цIыху мин 82-рэ. Мин 30-м къргъэзэжын хуей хъуащ IэпкълъэпкъкIэ къызэримыкIам къыхэкIыу - СС-м фэншэхэр хагъэхьэртэкъыми, абыхэм нэгъуэщI IэнатIэ къыхуагъуэтащ. Къэнахэр зыхэтар зы зэхэуэ закъуэщ: ебгъэрыкIуэ Дзэ Плъыжьым дивизиер хьэбэсабэу щызэхикъутащ Львов областым.

Къэлахэм хьэкIэкхъуэкIагъэхэр щызэрахьащ нэгъуэщI щIыпIэхэм. Зауэм и ужькIэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм зыщагъэпщкIуащ. Иджырей Украинэм и властхэм ахэр лIыхъужьу, лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнауэ къалъытэ. АрдыдэмкIэ къагъэлъагъуэ езыхэри зищIысыр.

Гитлер и жьауэм щIэува къэрал зыбжанэр СССР-м зыкIи къыпыщIатэкъым, уеблэмэ гъунапкъэкIи. Псалъэм папщIэ. Венгриер. Ауэ абы и унафэщI Хорти Миклош 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м СССР-м зэрытеуамкIэ Гитлер ехъуэхъуа къудейкъым, атIэ икIи дзэшхуи гъусэ хуищIащ. Абы зэриухам и гугъу тщIынкъым, къыхэдгъэщынщ иджырей Венгриер езым и политикэм зэрытетыжыр икIи НАТО-мрэ ЕС-мрэ зэрахьэ хьэгъэщагъэхэм хыхьэну зэрыхуэмейр.

НэгъуэщI гъуэгу тетщ Финляндием и иджырей унафэщIхэр: абыхэм блэкIам дерс гуэри къыхахакъым. Абы щыгъуэми, финнхэр ящыщщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и зэманым нэхъ гущIэгъуншэ дыдэу щытахэм, языныкъуэхэм къалъытэ абы и лъэныкъуэкIэ бжьыпэр яIыгъауэ. Иджы я гугъэщ а псори ящыгъупщэпауэ. Ауэ тхыдэр гунэфкъым.

Сыт щыгъуи нэхъ къэралышхуэхэм я блыгум щIоувэ нэхъ къэрал цIыкIухэр. Гитлер и жьауэм щIыхьэри, СССР-м и бий хъуахэщ абы зэи гужьгъэжьгъ зыхуимыIа къэралхэри: Голландие, Бельгие, Дание хуэдэхэр. Абыхэм я къарухэри хэтащ къыдэзэуахэм, ауэ ахэр мащIэти, къагъэпкIа щыIэкъым. Совет Союзым къызэрыхыхьэрэ куэд мыщIа прибалтхэри - Латвиер, Литвар, Эстониер - Ещанэ рейхым къуэуващ, ауэ абыхэм я зауэлIхэр нэхъыбэу «къызэрыхэжанықIар» цIыху мамырхэр, щхьэтечу жыпIэмэ, журтхэр, зэтеукIэнымрэ партизанхэм япэщIэтынымкIэщ.

КIэщIу жыпIэмэ, Европэм и къэралхэр дэтхэнэми зэрыхузэфIэкIкIэ Гитлер дэIэпыкъуащ икIи я гъусащ. Нэмыцэхэм ирадза удыныр абыхэм я дежкIи удынщ. Арaщ Накъыгъэм и 9-р щIамыгъэлъапIэри.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ



ПІанэпэр зыгъэхьэзырар ТАБЫЩ Муратщ

Мэлэчыпхъу цІыкІу и хъыбар

МЭЛЫЧЫПХЪУ къэзылъхуар пщыгъуэсэт. И унэцІэр Жагъыщэт, и цІэр Темболэтт. Жагъыщэ Темболэт пщым и гъусэу, пщафІэу, и шым бгъэдэту арт. Пщымрэ Темболэтрэ махуэ пщыкІутхукІэ къэтыну зекІуэ ежьащ.

Абы хэту Мэлычыпхъу и анэр шыгъу хуей хъуащ.

- Гуащэм деж кІуэи, шыгъу къеІых, - жеІэри анэм Мэлычыпхъу пщым и фызым деж егъакІуэ.

Мэлычыпхъу кІуащ. Гуащэм деж щІалэгъуалэ зыкъом щІэст. Мо щІэсхэм ящыукІытэурэ гуащэм «шыгъу» жримыІэу куэдрэ щытащ Мэлычыпхъу. И кІэм гуащэр къеупщІащ:

- Щхьэ укъэкІуа, узыхуейр сыт? - жиІэри.

- Нанэ пшэрым и уэд, уэдым и дагъэ, - жиІэри сыкъигъэкІуащ, - жиІащ Мэлычыпхъу.

- Тхьэм удих, уэ Іейр. Сыт мыбы «пшэрым и уэд, уэдым и дагъэ» жыхуиІэр. Уэ, тхьэ, лІы уимыІэу ущІэлъхуэным, - жиІэри гуащэм Мэлычыпхъу жыхуиІэр къыгурымыІуэу къешхыдащ.

Мэлычыпхъур къыщІэкІыжри къэкІуэжащ.

- СиІэкъым, жиІэри къызитакъым, - жриІащ и анэм.

Мэлычыпхъу и гум ирелъхьэ: «ЛІы симыІэу сыщІэлъхуэну жызыІа гуащэм зыгуэр жесІэжынщ», - жеІэри.

Нэху егъэщри, Мэлычыпхъу гуащэм деж макІуэ.

- Си адэр сымаджэу къигъэзэжри ныжэбэ къэкІуэжащ. Езыр сымаджэ дыдэти къэкІуэфынутэкъыми сэ сыкъигъэкІуащ мыр бжесІэжыну: пщым сэлам къыуихыжащ, сэламым нэужькІэ щІэлъи хыумылъхьэ, кІыти хыумылъхьэ, хэудэни хыумыудэ, и щхьэри тумыпІэ, сэ сынэкІуэжыхукІэ фадэ пІащІэ схуэщІ, - жиІэри къыбжиІэжащ.

Гуащэм ар жриІэри, Мэлычыпхъу кІуэри тІысыжащ. Гуащэр гузэващ, гупсысащ, апхуэдэу зыри химылъхьэу фадэ пІащІэ зэрищІынур имыщІэу. Чейм псы ирикІэри хьэжыгъэ хиудэжауэ щытщ. Ауэрэ махуэ пщыкІутхур фІэкІри, пщыр къэсыжащ, Темболэтыр и гъусэу. Темболэтыр и унэм кІуэжащ, пщыри и унэм къэнэжащ. ИтІанэ гуащэм пщым жреІэ:

- А сымыгъуэ, сыт телъыджэ а къызэпщІар? - жиІащ.

- Сыт уэсщІар, зиунагъуэрэ? - игъэщІэгъуащ пщым.

- Е хэудэн хэмылъу, е кІытэ хэмылъу, е щІэлъ хэмылъу, е и щхьэ темыпІауэ, апхуэдэ фадэ пІащІэ ящІрэт, ар щхьэ къэпІуэхуат?! - жеІэри Мэлычыпхъу къыжриІауэ щытар пщым гуащэм ириІуэтылІэжащ.

- Уа, уэ фызым жыпІэхэр сщІэркъым, делэ ухъуа сфІощІ, - жиІащ пщым.

- Алыхь, сымыщІэ, Жагъыщэ и къуэм ипхъу цІыкІур къакІуэри, си адэр сымаджэу къэкІуэжати, мыращ пщым жиІари, гуащэм кІуэи жеІэ, жиІащ си адэм, - жиІэри зэрыщытыр гуащэм пщым жриІэжащ.

Абдежым пщым лІы игъакІуэри, адэри пхъури зэгъусэу къригъэшащ.

- Иджы фыкъыщІезгъэшар аращ, - жиІащ пщым, - мы пцІыр бупсу гуащэм деж щхьэ укъэкІуат? - жиІащ пщым, Мэлычыпхъу зыхуигъазэри.

- Гуащэм лІы симыІэу сыщІэлъхуэну къызжиІати, хэмылъІауэ фадэ пІащІэ ищІмэ, сеплъынути арщ, - жиІащ Мэлычыпхъу.

- Ар сыт щхьэкІэ къыбжиІа гуащэм? - жиІэри пщыр еупщІащ.

- Нанэ шыгъу тІэкІу щхьэкІэ сыкъигъэкІуати, цІыху куэд щІэсу сыкъыщрихьэлІэм, сукІытэри шыгъу жызмыІэу, пшэрым и уэд, уэдым и дагъэ жесІати, Тхьэм удих уэ Іейр, лІы уимыІэу улъхуэным уэ, - къызжиІати аращ, - жиІащ Мэлычыпхъу.

- Пшэрым и уэд, уэдым и дагъэр къэзымыщІар сэ гуащэ схуэмыхъун, - жери пщым и фызыр иригъэкІыжащ.

- Уэ укъуаншэкъым, къуаншэр гуащэращ, афэрым, - жиІэри пщым Мэлычыпхъу къиутІыпщыжащ.

Пщым Темболэт и пхъур къишащ. Ауэрэ Мэлычыпхъу гуащэ хъури зэдэпсэууэрэ, бейгуэлитІ и гъусэу пщыр махуэ бжыгъэкІэ къэтыну ежьащ. Махуэ бжыгъэ кІуам апхуэдиз щІимыгъуэжу хъуакъым - мазэкІэ къэтын хуей хъуащ. Пщым бейгуэлитІыр къиутІыпщыжащ:

- Гуащэм мазэкІэ сыкъызэрытын хуейр схужефІэж, сэлам схуефхыж, - жиІэри.

Гуащэм саугъэту зэщымыщу бостеяпхъитІ къыхуригъэхьри, бейгуэлитІыр къэкІуэжащ. Къыщежьэжым пщым къажриІащ:

- Нобэ фынэси пщэдей фыкъэсыж, - жиІэри.

БостеяпхъитІыр гуащэм къыхуахьри къэкІуэжащ. Нэсыжри, пщым я пщэм къыдилъхьар гуащэм жраІэжащ, етІуанэ махуэм къежьэжын хуейти, бейгуэлитІым гуащэм пщым схужефІэж жиІэри мыр къажриІащ:

- Вагъуэм из, мазэм итІ, тхьэрыкъуэ пщэхуитІым я псэ, къуанщІэ фІыцІитІым ягу хыумыгъэщІын.

БейгуэлитІым абы къикІыр къагурымыІуэу, ягъэщІагъуэу, зыщамыгъэгъупщэжын щхьэкІэ жаІэурэ къэкІуэжащ. Къэсыжри, бейгуэлитІыр пщым елъэІуащ:

- Тхьэм щхьэкІэ зыгуэркІэ дынолъэІунущи къыджеІэ, - жаІэри.

- Фыкъызэлъэлъэу, фызогъэгугъэ, - жиІащ пщым.

- ДынолъэІумэ мыращ: «Вагъуэм из, мазэм итІ, тхьэрыкъуэ пщэхуитІым я псэ, къуанщІэ фІыцІитІым ягу хыумыгъэщІын» жиІэу гуащэм къыпхуигъэхьа псалъэхэм къарыкІыр къыджыІэ.

- БостеяпхъитІ фэзгъэхьам, - жиІащ, пщым, - зым зы ІэфракІэ къыпыфчат?

- Къыпытчат, - жаІащ бейгуэлитІым.

- Адрейм ІэфракІитІ къыпыфчат?

- Къыпытчат, - жаІащ бейгуэлитІым.

- АтІэ, зым зы ІэфракІэ, адрейм ІэфракІитІ пачащи, «тхьэрыкъуэ пщэхуитІым я псэ» жыхуиІэр гуащэмрэ сэрэщ, «къуанщІэ фІыцІитІ» жыхуиІэр фэ тІуращи, бейгуэлитІым я гугъу умыщІ жеІэри аращ гуащэм къигъэхьа псалъэм къарыкІыр, - жиІащ пщым.

БейгуэлитІым ягъэщІэгъуащ икІи абы иужькІэ анэмэт къыхуащІам зэи еІусэжакъым. Мазэ пІалъэр дэкІри, пщыр къэкІуэжащ. Пщыр къэкІуэжа нэужькІэ, тІэкІу дэкІри, абы хьэщІэ къыхуэкІуащ. ХьэщІэр хьэщІэщым щІэст, хьэщІэнышри укІат. ХьэщІэщыр унэм пэжыжьэт. Мэлычыпхъу хьэщІэм хуэфащэ лы хьэщІэ Іыхьэр, лэпсым хэлъу, лэпс тепхъэри тепхъэжауэ шыуаным илъу хьэщІэщым игъэхьащ, адэкІэ пщым къыхихыжу дахэ-дахэу Іэнэм трилъхьэну. Пщым лыр къыхихыурэ хьэщІэ Іыхьэ гуэр къэт хъуащ.

Пщым гуащэм деж игъэкІуащ, Іуэхур зэрыщытыр мыращи, щхьэ мыр къэт хъуа, жиІэри. Гуащэм:

- Пшэр лъэныкъуэ ирагъэзри, вагъуэр зырыз ящІащ, жыІи схужеІэж пщым, - жиІащ.

Гуп зэхэсыр еупщІащ:

- Мыбы къикІыр Тхьэм щхьэкІэ къыджыІэ, - жаІэри.

- Абы къикІыр мыращ: лэпстепхъэр лъэныкъуэ ирагъэзри, лы Іыхьэр хахащ, жиІэри аращ абы къригъэкІар, - жиІащ пщым.

Зэхихар игъэщІагъуэу пщым и хьэщІэр ежьэжащ.

Мэзытхьэ и пхъур

СИ щІалэгъуэрэ си фыз къэшэгъуэ дахэу ныбжьэгъу гуп си гъусэу хьэжэбажащэ дыкІуат. ДыщакІуэу мэзым дыздыщІэтым, сыкІэрахъуэри, си гъусэхэр сфІэкІуэдащ. Ахэр къэслъыхъуэжу къыздэскІухьым, сыплъэри зы бажэ ахъырзэман и гъуэм къипщарэ памэу къикІухьу къэслъэгъуащ. Си фочыр къэзгъапкІэри, тезгъэпса щхьэкІэ, уакъым. «Мы игъащІэм убзэщхъу зи мыхабзэр щхьэ убзэщхъуауэ пІэрэ?» - жысІэри аргуэру къыщызгъапкІэм, си пыІэр зыгуэрым сщхьэрихащ. Сыдэплъеймэ - и анэ къызэрилъхуам хуэдэу пцІанабзэу, зы хъыджэбз жыгым къытесщи:

- Уемыуэ, - жеІэ абы. - Ар си дэлъхущ. Хъыджэбзыр узримыгъэплъу дахэт: къанжэм и хужьыр и хужьрэ къанжэм и фІыцІэр и фІыцІэу.

- Іэу! - згъэщІэгъуащ. - Мыр сыт: уцІыху цІыкІу хьэмэрэ тхьэІухудым уащыщ?

- ЦІыху цІыкІум я нэфІ къыпщыхуэ! - жи. - ТхьэІухудым сащыщщ.

А зэ Іуплъэгъуэм хьэщыкъ сыхуэхъуащ: уи щІалэгъуэрэ уи делэгъуэмэ, гугъукъэ! Си къэпталыр щысхри худэздзеящ:

- Уи укІытапІэр щІэхъумэ! - жысІэри.

Къэпталыр зыщитІэгъауэ и лъакъуитІыр щІеупскІэри, хъыджэбз цІыкІу нэхъей, тесщ жыг къудамэм. АпхуэдизкІэ ситхьэкъуат и дахагъми, жысІэри сщІэри сымыщІэжу селъэІуащ:

- КъыздэкІуэ! - жысІэри.

Жыг къудамэм зыкъригъэщэтэхри къэуващ, си къэпталым и ІэгъуапитІыр къыпылэлу щыгъыу:

- Уащхъуэ Мывашхъуэ КІанэ, уэ лІы ухъумэ, сэ сыфызщ! - жиІэри. - Сэ сыныпхуейти, укъэзгъуэтащ, уэ укъысхуеймэ, мы мэзыжьым псынщІэІуэу сыщІэх: сэ Мэзытхьэм срипхъущ, нетІрей бажэ уфІэщІар си дэлъхущ - хъыбар иригъэщІэжмэ, тІури дыкъелынкъым си адэм!

СепІэщІэкІыу си шыплІэм къыдэзгъэтІысхьэри, макІуэ щІыкІэ, мэзым сыкъыщІэкІыжауэ сыкъокІуэж. Лъэхъулъэущу дыкъыздэкІуэжым, жыгхэр иригъэщІу жьышхуэ къыкъуоу, щІыр игъэзджызджу зыгуэр къыскІэлъожэ. СыкъызэплъэкІмэ - и пкъыр кхъуэпІащэрэ и щхьэр цІыхущхьэу, и пащІитІыр мафІэбзиилъэ гъуэгу напщІитІыр илыгъуэу зы шынагъуэжь къожэ. СызэІэбэкІыу фочыр дохъутейм къыщисхым, си шыплІэ дэсым идакъым:

- А къажэр си адэр арщ! - жиІэри.

Си шыр зэрылъэкІкІэ къоІэ, къеІэ щхьэкІэ, мор гъунэгъу къохъу. Щымыхъужыххэм, тхьэІухудым и зы щхьэц налъэ къыхичщ, зэридзэри къызэридзэкІащ. А дакъикъэм Мэзытхьэм дэрэ ди зэхуакум банэ бжыхьышхуэ къихутащ. Ауэрэ дыкъеуэм-дыкъакІуэурэ, зыкъомыфІ къэткІуауэ, Мэзытхьэм банэ бжыхьыр къызэпхитхъри къыткІэщІыхьэу хуежьащ. Сишри ешащи, мэпырхъ. ТхьэІухудым аргуэру зы щхьэц налъэ тІэу зэридзэри къыщызэридзэкІым, гъущІ бжыхьышхуэ хъуащ. Мэзытхьэм ар къызэпитхъыху си шым зедгъэгъэпсэхури дыкъежьэжащ. Зы теуэгъуэфІ къэткІуауэ сызэплъэкІмэ - гъущІ бжыхьыр къызэпхитхъауэ Мэзытхьэр къожэ. Ари къожэ, дэри дожэ. УиитІ, ди шыкІэм къопхъуэ иджы щыжысІэ дыдэм, тхьэІухудым зы щхьэц налъэ къыхичщ, щэней зэридзэри, дыгъэм хуишийщ аби, щІигъанэри къызэридзэкІащ. КъызэридзэкІар мафІэ бжыхь хъуащ. Мэзытхьэр, абы къыщемызэгъым, къэджащ:

- Ей, Щоджэным и къуэкІэ щІалэ делэ, мазэ уделэмэ, ущІегъуэжынщ! - жиІэри.

Абы къригъэкІар сэ сыткІэ сщІэнт? ТхьэІухудыр къэсхьри сыкъэкІуэжащ. «ЕІ, дэ тхэкІуэсыкІри фызыхьэ кІуащ!» - жаІэри си ныбжьэгъухэм загъазэри дэкІыжащ. Ефэндым: «Бзаджэнаджэщ къэпхьар!» - жиІэри нэчыхь схуитхын идакъым. Къуажэм хьэрэм сыкъащІащ.

- Къызофыгъуэри аращ: уэлэхьэ, зызыгъэпщхэми тхьэІухуд къэзыхьыфа къахэмыкІа! - жысІэри сыщІыхьэжащ.

Ауэрэ махуэ докІ, махуитІи докІ. Псэун, шхэн хуейтэкъэ - тхьэІухудым зыри схуищІэркъым, махуэ псом бзухэм ядофийри жыгыщхьэм пысщ, жэщ зэрыхъуу къохыжри къогъуэлъыж. Сэри си щхьэм сыхуопщэфІэж-сыхуолъэсэж. Къуажэми сыкъадэжыркъым, лъэпкъри къысхуеижкъым. Апхуэдэу куэдрэ пхуэхьынт? Мазэ дэкІатэкъым сыІэбэмэ сылъэмыІэсыжу сыщыщІегъуэжам. Езым зыгуэр жесІэнуи сошынэ, сщІэнури сщІэркъым. Махуэ псом пцІанабзэу жыгыщхьэм пысти, жылэм ди напэр трех, жиІэри, ди гъунэгъур фоч къытриубыдэри къеуа щхьэкІэ, хьэ къебэнауи къыфІэІуэхуакъым, «уэхьэхьэхь» жиІэу дыхьэшха мыхъумэ.

...Зы махуэ гуэрым сыхьэжауэ щхьэлым сыкъикІыжри сыкъыщІыхьэжмэ, ди гъунэгъум я пхъумрэ си тхьэІухудымрэ щхьэцыкІэкІэ къызэрохьэкІри унэм щІэтщ.

- Мыр сыт мы къэхъуар? - щыжысІэм, тІури зэрыутІыпщыжри:

- Мы цІыхубз делэм сигъэпсэуркъым, - жи тхьэІухудым, - кІуэж укъыздикІам жеІэри. Унафэ щІы!

- Унафэращ, - жеІэ ди гъунэгъум я пхъум, - уэ утхьэІухудмэ, уи унэр мэзыращи, кІуэж, сэ сыцІыхубзщи, мы унэм сыкъыщІэнэнщ.

- Хьэуэ, - идэркъым тхьэІухудми, - сэ сынэхъ дахэщи, мы унэр сысейщ, уэ уи унэ кІуэж!

- Хъункъым! - жеІэ ди гъунэгъу хъыджэбзым. - Ауэ щыхъуакІэ, къытхрыредэ: и нэр напэІэлъэщІкІэ щытпхэнщи, дыкъимылъагъуу и Іупэм ба зырыз хуэтщІынщ. Езым игу ирихьыр къыхихынщ.

- АтІэ уэ пхуэмыгъуэн, сэ схуэмэхуэн! - жиІэри тхьэІухудыр арэзы мэхъу.

Си нэр напэІэлъэщІкІэ япхэри, унэкум срагъэуващ. Япэу къысхуащІа бар мыл кІанэм хуэдэт, етІуанэу къысхуащІа бар фо махъсымэм хуэдэти, ар къыхэсхащ. Си нэр къитІэтэжмэ - ди гъунэгъум я пхъурат къыхэсхар. ТхьэІухудыр, сабийм хуэдэу къэгъщ, къыхэсха хъыджэбзым и зы щхьэц налъэ хичри, макІуэ-мэлъей! - лъэтэжащ. Ди гъунэгъум я пхъур къэсша щхьэкІэ, лъхугъэ имыІэжу къыщІэкІащ - тхьэІухудым хича щхьэц налъэм дэкІуэдащ быну и ІэпкълъэпкъымилъарХъыбару яІуатэм пэж гуэр хэлъщи, пщІэнум егупсыс, армырмэ мо ХьэтІохъущыкъуей къыщыхъуаращ уи щхьэ кърикІуэнур.

●Гулъытэ

КІуащ Тамарэ и дамыгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Ветеранхэм я советым щратащ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 80 ирокъу» юбилей медалыр.

ДАМЫГЪЭР хуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и ветеран, а илъэсхэм лэжьа икІи щІэныгъэхэмкІэ кандидат япэу хъуа адыгэ бзылъхугъэ КІуащ Тамарэ Хьэзрэт и пхъум. Ар 1927 гъэм накъыгъэм и 20-м Аргудан къуажэм къыщалъхуащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди республикэм къыщизэрыгуа илъэсхэм илъэс 15 хъуа къудейт. 1945 гъэм абы къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым литературэмкІэ и факультетыр. ИужькІэ Москва дэт ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием бзэщІэныгъэхэмкІэ и институтым и аспирантурэм щІэтІысхьащ. Тамарэ Налшык къигъэзэжа нэужь, и лэжьыгъэм щыпищащ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым. 1963 гъэм ар хахащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, Президиумым и унафэщІым и къуэдзэ къулыкъури щигъэзэщІащ.

1978 гъэм къыщыщІэдзауэ 2015 гъэ пщІондэ КІуащ Тамарэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и кафедрэм щылэжьащ, егъэджакІуэ нэхъыжьу, доценту. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и иджырей пэжырытхэр (орфографиер) къэзыщта къэпщытакІуэ гупым и унафэщІу щытащ.

КІуащым и зэфІэкІым къэрал дамыгъэ куэд къыпэкІуащ. Абыхэм яхэтщ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм и гуащІэм къыхуагъэфэща медалхэри, Лэжьыгъэм и ветеран цІэри. И ныбжьымрэ узыншагъэм къызэримытІасэмрэ къыхэкІыу, Тамарэ мы зэІущІэм къэкІуэфакъым, ауэ хуагъэфэща медалыр иратыжащ и къуэрылъху Іулыдж Азэмэт. ЩІалэм университетымрэ Ветеранхэм я советымрэ фІыщІэ яхуищІащ, нэхъыжьхэм хуащІ гулъытэмрэ пщІэмрэ папщІэ. «Си анэшхуэм сыт щыгъуи зэфІэкІышхуэ бгъэдэлъащ. Абы дропагэ. Университетым зэрыщымылэжьэжрэ куэд щІами, ноби ар зэращымыгъупщэр икъукІэ ди гуапэщ», - жиІащ Азэмэт.

Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ кафедрэм и лэжьакІуэхэр КІуащ Тамарэ ехъуэхъуэжащ узыншагъэ быдэ иІэну.

<u>Гу зылъытапхъэ:</u> «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 80 ирокъу» юбилей медалыр УФ-м и Президентым и унафэкІэ 2024 гъэм и фокІадэм къыдагъэкІащ. Ар ират Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, а илъэсхэм лэжьахэм, Ленинград блокадэм хиубыдахэм, Сталинградрэ Севастополрэ щыпсэуахэм, нэмыцэ концлагерхэм балигъ ныбжьым нэмысауэ исахэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къыхамыгъэщіа щыІэжкъым

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм зэ нэхъ мыхъуми мы гъэм къыщыхамыгъэщІа ебланэ джэгугъуэм иужькІэ хэтыжкъым. Иужьу ар игъэващ Шэджэм къалэм и «Черкес»-м.

ШЭДЖЭМДЭСХЭР Балъкъ Іуфэ кІуат пашэхэм зэрахэтыр щІагъэбыдэжыну я мураду. АрщхьэкІэ «Малка»-м а махуэм джэгукІэ лъэщ къигъэлъэгъуащ икІи «Черкес»-м япэ хэщІэныгъэр иритащ.

Джэгугъуэ блэкІам Псынэдахэ щыІэу «Родник»-м ефІэкІыфа «Тэрчыр» иджы и стадионым къыщыпхуэгъэувыІэжыфыхэнутэкъым. Налшык икІа «Спартак-Д»-м ар тыншу текІуащ икІи бжьыпэм къыщынэжащ.

ЗэпэщІэувэныгъэ гуащІэ щыІащ Акъбащ Ищхъэрэмрэ Шэджэм ЕтІуанэмрэ. Абыхэм кърагъэблэгъа «Псыгуэнсумрэ» «Нартанымрэ» хэгъэрейхэм къапикІуэтакъым икІи очко зырыз ІэщІахащ.

Зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ дыдэм «Шэрджэсым» 0:1-уэ къыхигъэщІауэ щыта Алътуд и «Искра»-р абы лъандэрэ зыми къыпикІуэтакъым икІи и гъуэм зыми топ къыдригъэгъэзэкІакъым. Мис аргуэрыи Аргудан икІа «Бедик»-м ефІэкІащ. УмыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал иІэкъым алътуддэсхэм лъэщу зэрызахъумэжыфыр. ИрагъэкІуэкІа джэгугъуитхум абыхэм я гъуэм топ къызэрыдагъэкІар зэ закъуэрэщ икІи иужь зэІущІиплІым ар зыми хузэфэкІакъым. Я гъуащхьауэхэм нэхъ зыкъызэкъуахатэмэ, ехъулІэныгъэфІхэр зэраІэнум шэч хэлътэкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыгъэрей зэхьэзэхуэм иджыри зэи щытекІуэфакъым «Логоваз»-мрэ «Урыхумрэ». Дауи, аращ иужь дыдэ увыпІэм щІыщытхэри.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр иджы щызэдаугуэш щІалиплІым. Иужь зэІущІэхэм кърикІуахэм япкъ иткІэ БитІэхъу Дамиррэ («Спартак-Д») Гъажэ Ибрэхьимрэ («Шэрджэс») гъусэ къахуэхъуащ зэпеуэм щыпашэхэу «Тэрчымрэ» «Родник»-мрэ щыджэгухэу Хьэшыр Аланрэ Урысбий Ратмиррэ. Зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ абыхэм топ хырых я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм дагъэкІащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикІуа бжыгъэхэм: **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **3:3**, **«Искра»** (Алътуд) - **«Бедик»** (Аргудан) - **2:0**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Черкес»** (Шэджэм) - **2:0**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Нартан»** (Нартан) - **1:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:0**.

«Ислъэмей» (Ислъэмей) - **«Логоваз»** (Бабугент), **«Урыху»** (Урыху) - **«Родник»** (Псынэдахэ) зэІущІэхэр ягъэІэпхъуащ.

Дызыхуэхьэ щІэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэІущІэнущ: *накъыгъэм и 31-м* - «Черкес» - «Бедик», Спартак-Д» - «Урыху», «Малка» - «Шэрджэс»; *мэкъуауэгъуэм и 1-м* - «Псыгуэнсу» - «Искра», «Родник» - «Акъбащ», «Логоваз» - «Тэрч», «Нартан» - «Ислъэмей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Тэрч»	**6**	**5**	**0**	**1**	**16-4**	**15**
2. «Родник»	**6**	**5**	**0**	**1**	**21-4**	**15**
3. «Черкес»	**7**	**3**	**3**	**1**	**12-7**	**12**
4. «Спартак-Д»	7	3	2	2	25-19	11
5. «Шэрджэс»	7	3	1	3	16-21	10
6. «Искра»	5	3	1	1	7-1	10
7. «Малка»	6	3	0	3	12-11	9
8. «Бедик»	7	3	0	4	10-18	9
9. «Ислъэмей»	6	3	0	3	19-17	9
10. «Нартан»	7	2	3	2	21-20	9
11. «Псыгуэнсу»	6	2	1	3	13-19	7
12. «Акъбащ»	6	1	2	3	11-19	5
13. «Урыху»	**5**	**0**	**1**	**4**	**5-11**	**1**
14. «Логоваз»	**5**	**0**	**0**	**5**	**8-25**	**0**

Сосрыкъуэ зэрыщІатІар

НАРТ Сосрыкъуэ лІыгъэ иІэу, зи цІэ къраІуэ закъуэтІакъуэм ящыщу нарт Хэкум ист. Еуэри, жаІэ, зы щІасэ иІэти, абы и деж кІуащ жэщым. КІуэри, куэбжэм Іуувэри, куэбжэм и пхъэрыгъажэм хьэлэ папщІэу ІуукІауэ я гъунэгъу лІыжь илъэгъуащ. Епсыхщ, Іуихри, пщІантІэм дыхьащ.

Ишри бжыхьым фІидзэри, унэм щІыхьащ. А унэ зыщІыхьар я пщэфІапІэр арт. Абы я унэІутыр жейуэ щІэлът, и Іэ лъэныкъуэр мафІэм пэрылъу, езыри жейуэ. Абы щІэкІри, унэшхуэм щІыхьащ. А унэшхуэ здэщІыхьам и щІасэм и анэмрэ и адэмрэ щІэлът. Зы блэ бгыкъум и кІэр къешэкІауэ, и щхьэр и щІасэм и адэм и Іупэм Іулъу, и бзэгум щІэфырт. ЗыкъригъэзэкІри, фызым бзаджэр ишхыу бгъэдэту илъэгъуащ. Абы блэкІри, и щІасэр зыщІэлъ унэм щІыхьащ. И щІасэр къэтэджщ, абы Іэщэр Іихри, пылъапІэм фІидзащ. Дахэу итІэщІри гъуэлъыжащ.

Нарт Сосрыкъуэ зыбгъэдэгъуэлъхьа и щІасэм и щІэлъэныкъуэр мафІэм хуэдэу пщтырт къису, и щІэлъэныкъуэр мылым хуэдэу щІыІэт. ИтІанэ еупщІащ и щІасэм:

- Фи куэбжэм лІыжьым хьэлэ ІуиукІащ, фи унэІутым и Іэр мафІэм хэлъу мэжей, уи адэм и бзэгум блэр щІоф, уи анэм бзаджэр бгъэдэту ешх, уи щІэлъэныкъуэр щІыІэщ; уи щІэлъэныкъуэр мафІэм хуэдэу пщтырщ. Мы хьэлэмэт куэдыр зищІысыр сыт? - жиІэри.

- Ар зищІысыр арщ: а лІыжьыр гъунэгъумкІэ бзаджэщ, унэІутым и Іэбжьанэр бзаджэщ, си адэм и бзэгум щІэфу плъэгъуа блэр, и къамэ-бгырыпхыр пылъапІэм фІидзэрти, аращ, - жиІащ. - А си анэм ишхыу плъэгъуа бзаджэр хьэрэм имыІэу, хьэлэл имыІэу къыпэщІэхуэр ишхырти арщ. Си щІэлъэныкъуэр зыр щІэщІыІэр, зыр щІэпщтырыр уэ уи ажалыр къэсати аращ. Нарту дунейм тетыр уэ уи бийщ. Зы фыз удыжь цІыкІу къагъуэтри, уэ узэраукІын щхъухьпсыхь абы зэригъэпэщащ. Иджы уэ ущыкІуэжкІэ, хьэпшып къэбгъуэтынущ гъуэгум. А хьэпшып къэбгъуэтар къыумыщтэ. Ар къапщтэмэ, уэ уи ажалыр абы къыхэкІынщ.

Пщэдджыжьым нэху щыри, нарт Сосрыкъуэ и шы Тхъуэжьейм уанэр къытрилъхьэри къежьэжащ. Гъуэгум къыздэкІуэм, лъахъэ плъыжь телъу къигъуэтащ - къиштакъым, и щІасэм къыжриІар игу къэкІыжри. Абы къыфІэкІри, аркъэн фІыцІэфІ, шыхьауэ гъуэгум телъу, ирихьэлІащ.

- ХьэпшыпыфІщ мыр, къэсщтэнщ, - жиІэри, мурад ищІащ.

Арщхьэкіэ и щІасэм къыжриІар игу къэкІыжри, къимыщтэу къигъэнащ. Абы къыфІэкІри, зы дыщэ таж гъуэгум телъу къыІущІащ.

- Мыр хьэпшыпыфІщ. Къэзгъэнэнкъым къэзмыщтэу, - жиІэри, къищтэри и щхьэм щхьэритІэгъащ. Ар и щхьэм щыщхьэритІэгъам, и гум къэкІащ:

- Мы шы Тхъуэжьеймрэ сэрэ ди лІыгъэр зэхуэтІуэтэнщ.

- Уэрэ сэрэ, Тхъуэжьей, илъэс Іэджэ мэхъури дызэгъусэщ. Ди лІыгъэр нобэ уэрэ сэрэ зыхуэтІуэтэн хуейщ, - жиІащ.

- Ухуейкъым, жызумыгъэІэ.

- Хьэуэ, хъунукъым ди лІыгъэр нобэ зэхуэдмыІуатэу.

- АтІэ бжесІэмэ, сэ жэрыгъэкІэ къысщІэхьэн дунейм псэущхьэ теткъым, ауэ си лъэгур - лъэгу щабэщ. Мывэ сыхыхьам, пхуэскІужын щыІэкъым. Си къарур абдеж сухынщ. Си фэр тепхрэ, хьэуазэкІэ пкъумэ, мазищкІэ си фэм укъуэту шэ къыптехуэнкъым, - жиІащ Тхъуэжьейм.

- Сэ си лІыгъэр араци, - нарт Сосрыкъуэ жиІащ абдежым, - шэ къыспхыкІыркъым, джатэми пиупщІыркъым си лыр. Си куэпкъ къупщхьитІым деж лы хэлъщи, абы къытемыхуэм сэ сызэраукІын щыІэкъым.

Нарт Сосрыкъуэ абдежым и щхьэм дэІэбейри, и тажыр игъуэтыжакъым. Абы щыгъуэм и щІасэм къыжриІа псалъэр игу къэкІыжри щІегъуэжащ. А тажыр иныжьым къагъуэта щхъухьпсыхьэти, кІуэжри яжриІэжащ:

- И куэпкъыщхьэм лы хэлъщи, хуэмызэу букІынукъым. ЖаншэрхъымкІэ фыщеуэкІэ, «Уи куэпкъыщхьэмкІэ къеуэ!» жыфІэнщи, езыр тэмакъкІэщІщ, губжьынщи, къеуэнщи, и куэр пиупщІынщ. А шы Тхъуэжьейм и лъэгур щабэщи, мывэм зэрыхыхьэу, увыІэнщ.

ИтІанэ иныжьхэр зэхуэсхэри, абы зыхузэрагъэпэщащ. Ар зэрызекІуэ гъуэгум гъущІ зэпыупщІа яшэри тракІуэтащ, езым имылъагъуну, хэлъадэм и шым и лъэгухэр къагъэузыну. Жаншэрхъхэри дашри увыпІэ хуащІащ. Нарт Сосрыкъуэ мызагъэти, имыщІэжу ар къызэрагъэхьэзырар, а щызекІуэ и хабзэ гъуэгумкІэ ежьащ. ЗдэкІуэм, гъуэгум, жаншэрхъыр зыІыгъ иныжьхэр къэгуоуащ:

- Уэ СосрыкъуапцІэ, лІы фІыцІэ гъущІынэ, емынэр зи Іэжьэгъу, зи Іыхьэм хущІемыгъуэж, нокІуэ жаншэрхъыр! - жаІэри, жаншэрхъыр къаутІыпщащ. КъэувыІэри, къигъэсри, лъапэкІэ еуэри, ирихужьащ. Къыхагъэзэхьри, кІуапІэ кърамыт щыхъум щыгъуэ,

- НакІуэ, Тхъуэжьей, - жиІэри, еуэри, ежьэри, имыщІэххэу гъуэгум къытракІута гъущІ зэпыупщІам хэлъэдащ.

Абдеж Тхъуэжьейр увыІащ. Модрейхэр къыхуэхьэзырыххэу щытти, жаншэрхъыр кърахутІыпщу хуежьащ. КъраутІыпщыху къэс, еуэрэ ирихужьэу, Сосрыкъуэ губжьыхункІэ, абыкІэ къезэуащ. Зэрыгубжьам гу щылъатэм щыгъуэ:

- УлІмэ, уи куэпкъыщхьэмкІэ къеуэ! - жаІащ.

Жаншэрхъыр къаутІыпщри, и куэпкъымкІэ еуэри, и куэпкъитІыр пиупщІащ.

- Дэ дунейм дыщызымыгъэпсэу мы шымрэ мы лІымрэ псэууэ щІэтІтІэнщ, - жаІэри, иныжьхэм мащэ ятІри, шыри, лІыри псэууэ щІатІащ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, Къаншокъуэ Элэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.437
Заказыр №1142
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, *корректорхэу* ПхытІыкІ Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* Елмэс ФатІимэ.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.